


# FÈM VIRAL

VIZIBLITE • ENFLIYANS • ENPAK

Ide | Estrateji | Kontni | Monetizasyon | Rezilta

**KST PRIME**

KREYE • APRANN • EVOLYE

LIV 1

# BYENVINI NAN FÈM VIRAL

YON GID PRAKTIK POU OGMANTE VIZIBILITE W SOU TIKTOK

Nan liv sa a, mwen pral montre w etap pa etap kijan pou w kreye kontni ki atire, kijan pou w rive sou paj "For You", epi kijan pou w fè paj ou grandi rapidman.

Objektif liv sa a se ede w vin plis vizib, jwenn plis abòne, epi bati yon kominote solid sou TikTok.

**ANN FÈ SA ANSANM!**

*KST PRIME*




RÈV
PLANIFYE
AKSYONE
REYISI

**FEM VIRAL**

PLIS KONESANS
PLIS OPÒTINITE
YON PI BÈL DEMEN

# TAB MATYÈ

## FÈM VIRAL
EDIKASYON · STRATEJI · REZILTA


- ISTWA TIKTOK
- AVANTAJ AK DEZAVANTAJ
- KISA VIRAL YE ?
- PREPARE PAJ OU POU GRANDI
- REJWENN BON LIDE KONTNI
- PREPARASYON AVAN PIBLIKASYON
- KONPRANN ALGORITHM LAN
- ESTRATEJI POU FÈ KOMINOTE W GRANDI
- KENBE ODYANS OU
- SA POU W FÈ LÈ VYOUZ OU BESE
- ANALIZE REZILTA OU
- TRANSFOME VIZIBITE OU AN OPÒTINITE
- BONIS
- LIV 2 : MONETISYON TIKTOK DISPONIB FÈ DEMAND PA W LA


*"Konesans se premye etap,
Aksyon se sa ki ka chanje lavi w."*

— FÈM VIRAL

CHAPIT 1

# ISTWA TIKTOK

KONNEN ORIJIN NAN POU PI BYEN UTILIZE LI

## 1.1 KILÈ TIKTOK TE PARÈT ?

TikTok se yon platfòm videyo kout ki soti nan konpayi teknoloji chinwa **ByteDance**. An 2016, ByteDance te lanse yon aplikasyon ki rele **Douyin** nan peyi Lachin.

An **2017**, konpayi an te lanse vèsyon entènasyonal la sou non **TikTok.** Nan menm ane a, ByteDance te achte **Musical.ly**, yon aplikasyon videyo ki te deja popilè anpil, sitou pami jèn yo.

Nan mwa Out **2018**, **Musical.ly** te entegre ak **TikTok**. Tout kont, videyo ak kominote Musical.ly yo te pase sou TikTok. Depi lè sa a, TikTok te kòmanse grandi rapidman atravè plizyè peyi e li vin youn nan aplikasyon ki pi telechaje nan mond lan.

### LIY TAN TIKTOK

| 2016 | 2017 | 2017 | 2018 | JODI A |
|---|---|---|---|---|
| **DOUYIN** | **TIKTOK** | **BYTEDANCE** | **MUSICAL.LY + TIKTOK** | **TIKTOK** |
| Lanse nan Lachin | Lanse entènasyonalman | Achte Musical.ly | Ini (entegre) sou TikTok | Kontinye evolye |

## 1.2 KIJAN TIKTOK TE VIN POPILÈ ?

TikTok te vin popilè pou plizyè rezon :

- **Videyo kout ak enteresan :** Moun ka kreye kontni rapid, fasil pou gade e fasil pou pataje.
- **Zouti fasil pou kreye :** Efè, filtè, mizik, ak zouti montaj ki senp pou tout moun.
- **Rekòmandasyon pèsonalize :** Algorithm lan montre videyo selon sa w renmen, sa pèmèt nouvo kreyatè jwenn vizibilite.
- **Tandans ak defi :** Challenges ak trend yo fè kontni vin viral rapidman.
- **Mizik ak kreyativite :** Mizik jwe yon gwo wòl nan siksè TikTok.
- **Yon gwo kominote :** Platfôm nan bay chans pou tout moun, nenpòt kote, pou yo pataje ide, talan ak istwa yo.

> *"Pou w konprann kote TikTok prale, li itil pou w konnen kote li soti."*
>
> — FÈM VIRAL

## 1.3 KIYÈS KI KREYE TIKTOK ?

TikTok te kreye pa konpayi teknoloji chinwa **ByteDance.** Fondatè a se **Zhang Yiming,** yon antreprenè ak enjenyè ki gen yon gwo vizyon nan domèn entèlijans atifisyèl ak algoritm.

Zhang Yiming te fonde ByteDance an **2012.** Li te remake gwo potansyèl kontni kout videyo sou mobil, epi sa mennen li kreye **Douyin** nan Lachin, ki pita tounen **TikTok** pou rès mond lan.




**Zhang Yiming**
Fondatè ByteDance

> *"Yon gwo vizyon ka chanje fason mond lan kominike."*
> — ZHANG YIMING
> Fondatè ByteDance

- Vizyon
- Inovasyon
- Entèlijans atifisyèl
- Kontni kout
- Enpak mondyal

ByteDance
Inspire Creativity Enrich Life

## 1.4 DOUYIN vs TIKTOK

**Douyin** se premye vèsyon TikTok ki te lanse nan Lachin an **Septanm 2016.** Li te kreye espesyalman pou mache chinwa a, ak kontni, règ ak fonksyon ki adapte ak itilizatè lokal yo.

An **2017,** ByteDance te lanse vèsyon entënasyonal la sou non **TikTok**, pou rès mond lan. Objektif la se te pote menm eksperyans videyo kout la devan yon odiyans global.

> *"Menm lide, men de mache diferan."*
> — FÈM VIRAL




> *"Menm platfòm. Menm vizyon. Yon mond pi konekte."* — FÈM VIRAL

## 1.5 ACHIZISYON MUSICAL.LY

Nan **Novanm 2017**, konpayi ByteDance te achte **Musical.ly** pou yon montan ki te estime a apeprè **$1 milya dola**.




Musical.ly te deja trè popilè, sitou pami jèn yo, ak plis pase 200 milyon itilizatè atravè mond lan. Aplikasyon sa a te pèmèt itilizatè yo kreye videyo kout sou mizik, ak efè senp pou pataje ak zanmi.

Achte Musical.ly te bay ByteDance yon gwo baz itilizatè entènasyonal, sa ki te ede TikTok grandi pi rapid.

> *"Achte talan ki deja egziste ka akselere siksè pi rapid."*
> — FÈM VIRAL

## 1.6 INTEGRASYON AN 2018

Nan mwa **Out 2018**, **Musical.ly** te ofisyèlman entegre ak **TikTok**.




Tout kont, videyo ak kominote Musical.ly yo te pase sou TikTok. Apre entegrasyon an, aplikasyon Musical.ly a te sispann, epi non TikTok la te vin sèl mak ki kontinye.

Sa te pèmèt TikTok rasanble yon gwo kominote itilizatè ki te deja aktif, ki te ede li vin youn nan aplikasyon ki pi telechaje nan mond lan.

**SA KI TE PASE:**

- Tout kont Musical.ly yo te transfere sou TikTok
- Videyo yo te konsève
- Kominote a te ini anba yon sèl platfòm
- Musical.ly te sispann fonksyone
- TikTok te kontinye grandi pi fò

> *"Lè de kominote ini, opòtinite vin pi gwo."*
> — FÈM VIRAL

CHAPIT 1 — ISTWA TIKTOK

## 1.7 KÒMANSMAN KWASANS RAPID LA

Apre entegrasyon Musical.ly an 2018, **TikTok te kòmanse grandi rapidman** nan tout mond lan. Pandan peryòd **COVID-19** (**2020**), platfòm nan te eksploze nèt, paske anpil moun te rete lakay yo e yo te pase plis tan sou entènèt.




TikTok te vin youn nan aplikasyon ki pi telechaje nan App Store ak Google Play. Li te atire milyon nouvo itilizatè chak mwa, epi li te tounen yon platfòm global ki gen enpak sou kilti, mizik, biznis, edikasyon ak medya.

> *"Lè mond lan chanje, moun ki adapte yo pran avantaj la."* — FÈM VIRAL

## 1.8 TIKTOK NAN CHIF

TikTok se youn nan pi gwo aplikasyon nan mond lan jodi a. Men kèk chif kle ki montre enpak li :

| | | |
|---|---|---|
| **1+ MILYA** Itilizatè aktif chak mwa (2024) | **3+ MILYA** Telechajman total | Disponib nan **150+** peyi |
| **95 minit** Moun pase an mwayèn pa jou sou TikTok | **1 MILYA+** Kreyatè aktiv sou platfòm nan | **Top 5** Aplikasyon ki pi telechaje nan mond lan |




### SA CHIF SA YO MONTRE

- TikTok gen yon odyans masiv.
- Platfòm nan kontinye grandi.
- Li ofri gwo opòtinite pou kreyatè, biznis, ak mak.
- Li gen yon enpak reyèl sou mond lan.

> *"Chif yo pa manti, TikTok se yon platfòm ki chanje lavi."* — FÈM VIRAL

## 1.9 TIKTOK JODI A

Jodi a, TikTok se youn nan pi gwo aplikasyon nan mond lan. Li rasanble plis pase **1 milya** itilizatè aktif chak mwa epi li disponib nan plis pase **150 peyi**.




TikTok pa sèvi sèlman pou danse oswa mizik. Jodi a, li ede moun kreye kontni, edike, fè biznis, bati mak pèsonèl, jwenn revni, konekte ak moun tout kote nan mond lan, epi pataje kilti yo.

### KISA TIKTOK OFRI JODI A ?

- Kreyasyon kontni san limit
- Opòtinite pou edikasyon
- Posibilite pou fè biznis
- Bati mak pèsonèl
- Jwenn revni
- Konekte ak moun tout kote
- Pataje kilti ak ide
- Opòtinite pou karyè ak travay endepandan

**1+ MILYA**
Itilizatè aktif chak mwa (2024)

> *"TikTok jodi a se plis pase yon aplikasyon, se yon mond nouvo opòtinite."* — FÈM VIRAL

## 1.10 LESON POU NOU

Gen plizyè leson enpòtan nou ka tire nan istwa TikTok la :

1. **INOVASYON** — Toujou chèche nouvo lide paske mond lan toujou ap chanje.
2. **ADAPTASYON** — Yo ki ka adapte ak chanjman yo se yo ki reyisi.
3. **OPÒTINITE** — Yon bon lide ka louvri gwo opòtinite pou tout moun.
4. **KONPANSYON** — Panse pi lwen pase limit lokal, vize mond lan.
5. **PREPARASYON** — Konprann istwa a epi prepare tèt ou pou pwochen dezisyon.

> *"Aprann nan istwa a pou ou ka bati yon pi bon demen."* — FÈM VIRAL

CHAPIT 2

# AVANTAJ AK DEZAVANTAJ TIKTOK

DE BÒ NAN MENM MEDAY LA




## 2.1 ENTWODIKSYON

TikTok se yon nan pi gwo platfòm rezo sosyal nan mond lan. Li bay anpil **opòtinite** pou moun kreye kontni, vin popilè, fè biznis ak touche lajan. Men, jan gen avantaj, gen dezavantaj tou. Se poutèt sa li enpòtan pou konnen toude bò yo pou w ka itilize TikTok nan pi bon fason.

Nan chapit sa a, n ap gade avantaj TikTok yo, dezavantaj li yo, epi n ap ba w konsèy pratik pou w ka pwofite opòtinite yo epi evite risk yo.

## 2.2 DE BÒ NAN MENM MEDAY LA

TikTok ka chanje lavi anpil moun, men li ka pote defi tou. Jan w sèvi avè l la ap detèmine si w jwenn plis avantaj pase dezavantaj. Lè w byen enfòme, w ka pran bon desizyon, kreye kontni ki respekte règ yo, epi bati yon prezans solid sou platfòm nan.

### AVANTAJ

- Plis vizibilite
- Plis opòtinite
- Fè lajan pi rapid
- Dekouvri nouvo talan
- Rive jwenn yon gwo odyans



### DEZAVANTAJ

- Gen risk pou yo ban w
- Anpil restriksyon
- RPM ka ba
- Pa tout kontni monetize
- Fòk ou respekte anpil règ

## 2.3 OBJEKTIF CHAPIT SA A

Lè w fin li chapit sa a, w ap kapab :

- Konprann prensipal avantaj TikTok yo.
- Konprann prensipal dezavantaj TikTok yo.
- Pran bon desizyon pou w itilize platfòm nan pi byen.
- Evite erè komen ki ka mete kont ou an danje.
- Prepare w pou pwochen chapit la ak konsèy pratik yo.

> *"Konnen avantaj ak dezavantaj yo se premye etap pou w rive pi lwen sou TikTok."*
>
> — FÈM VIRAL

CHAPIT 2

# AVANTAJ TIKTOK

YON PLATFÒM AK GWO OPÒTINITE

## 2.4 POUKISA TIKTOK GEN ANPIL AVANTAJ ?




TikTok se yon platfôm ki fèt pou tout moun. Li bay anpil opòtinite pou moun kreye kontni, vin popilè, fè biznis ak touche lajan. Avèk yon bon kontni, ou ka rive jwenn milyon moun menm si ou fenk kòmanse. Algoritm TikTok la pouse kontni enteresan pou li rive jwenn plis moun sou paj "For You" (Pou Ou). Se sa ki fè li gen anpil avantaj pou kreyatè, antreprenè, atis, edikatè ak nenpòt moun ki vle fè yon diferans.

## 2.5 PRINCIPAL AVANTAJ TIKTOK YO

TikTok ofri anpil avantaj ki fè li diferan ak lòt platfôm yo. Men kèk nan avantaj prensipal yo :

- **Plis vizibilite** — Ou ka rive jwenn milyon moun.
- **Plis opòtinite** — Pòt ouvri pou kreyatè ak biznis.
- **Fè lajan pi rapid** — Plizyè metòd pou gen revni.
- **Dekouvri nouvo talan** — Tout moun gen chans briye.
- **Rive pi lwen** — Ou ka touche yon odjans entènasyonal.
- **Fasil pou itilize** — Entèfas senp ak fasil pou konprann.
- **Kominikasyon fasil** — Ou ka kominike direkteman ak odyans ou.
- **Kreye koneksyon** — Ou ka fè nouvo zanmi, patnè ak kliyan.
- **Tout kalite kontni ka mache** — Edikasyon, mizik, imè, biznis, elatriye.
- **Pi fasil pou fè biznis** — Ou ka vann prodwai ak sèvis ou direkteman sou platfôm nan.

## 2.6 YON AVANTAJ KI PI ENPÒTAN

Pi gwo avantaj TikTok la se kapasite li pou chanje lavi moun. Li ka fê yon moun nòmal vin yon kreyatè, yon antreprenè, yon atis oswa yon enfliyansè ki gen odyans toupatou nan mond lan. Avèk disiplin, kreyativite ak bon estrateji, TikTok kapab yon zouti ki pote anpil rezilta nan lavi w.

> *"TikTok pa sèlman yon aplikasyon, li se yon chans pou w fè rèv ou vin reyalite."*
> — FÈM VIRAL

CHAPIT 2

# AVANTAJ AK DEZAVANTAJ TIKTOK

Gade yo an detay pou w ka fè bon desizyon

## 2.7 PLIS DETAY SOU AVANTAJ TIKTOK YO

Gen anpil avantaj TikTok ki fè li diferan ak lòt platfòm yo. Men kèk nan pi enpòtan yo :

**GWO ODYANS**
TikTok gen plizyè milyon itilizatè aktif nan tout peyi.

**KONTNI RAPID**
Ou ka kreye videyo kout, fasil epi pataje li rapid.

**OPÒTINITE**
Tout moun ka vin popilè, menm ak yon ti kont.

**KREYATIVITE**
TikTok bay anpil zouti (efè, mizik, modèl) pou fè kontni inik.

**POSSIBILITE REVNI**
Ou ka monetize atravè kado LIVE, patenarya, TikTok Shop epi lòt metòd.

## 2.8 PLIS DETAY SOU DEZAVANTAJ TIKTOK YO

Malgre tout avantaj yo, gen kèk dezavantaj ou dwe konnen pou w ka evite pwoblèm :

**RISK RESTRIKSYON**
Kont ou ka pran vyolasyon si ou pa respekte règ yo.

**KONPETISYON FÒ**
Gen anpil kreyatè sou platfòm nan, donk li pa fasil pou soti nan mitan foul la.

**RPM KA BA**
Peman yo ka pi ba pase lòt platfòm, sitou nan kèk peyi.

**DEPANDANS**
Ou dwe toujou poste regilyèman pou kenbe vizibilite ou.

**KONTWÒL PLATFÒM**
TikTok ka chanje règ yo nenpòt lè, sa ka afekte kontni ou epi revni ou.

## 2.9 KÒMAN POU W BALANSE AVANTAJ AK DEZAVANTAJ YO ?

Pou w reyisi sou TikTok, ou dwe :

- Pran avantaj opòtinite yo.
- Minimize risk yo lè w respekte règ yo.
- Konsantre sou kreye bon jan kontni.
- Rete disipline ak regilye.
- Toujou aprann epi adapte w ak chanjman platfòm nan.

> *"Tout bagay gen bon ak move bò. Se jan ou jere yo ki ap detèmine rezilta ou."*
> — FÈM VIRAL

## 2.10 OBJEKTIF PAJ SA A

Apre w fin li paj sa a, w ap kapab :

- Konn plis detay sou avantaj TikTok yo.
- Konn plis detay sou dezavantaj TikTok yo.
- Aprann kijan pou w balanse yo.
- Prepare w pou pwochen paj la.

## CHAPIT 2

# TOP 10 KONSÈY

TI KONSÈY GRAN REZILTA

**POU W GEN YON PI BON EKSPERYANS SOU TIKTOK**

### 1 PÈSEVERE

Pèsevere nan tout sa w ap fè sou TikTok. Yon jou, san w pa atann, ou ka jwenn rezilta.

### 2 PA PRESE EFASE

Pa prese efase yon videyo ou dèja poste san yon bon rezon. Si li pa vyole règ, li ka toujou pote rezilta pita.

### 3 METE PRIVÈ

Si w pa vle yon videyo rete piblik, ou ka mete l prive pou se ou menm sèlman ki wè l.




### 4 EVITE RE-UPLOAD

Evite re-upload videyo ki gen watermark/logo yon lòt platfòm oswa yon lòt kreyatè.

PA RE-UPLOAD KONTNI LÒT MOUN SAN PÈMISYON

### 5 KONSÈVE FICHYE ORIJINAL

Pou pwòp videyo pa w, konsève fichye orijinal la san watermark; si se kontni lòt moun, respekte dwa otè ak pèmisyon.

ORIJINAL SAN WATERMARK

### 6 PI BON KALITE

Anvan w pibliye, aktive opsyon pou telechaje/pibliye videyo a nan kalite siperyè lè opsyon an disponib.




### 7 METE SOU PUBLIC

Si objektif ou se rive jwenn plis moun, verifye videyo a mete sou Public.




### 8 LIBERE CACHE

Tanzantan, libere cache TikTok la si aplikasyon an ap pran twòp espas oswa gen pwoblèm pèfòmans.

Kenbe app ou rapid ak lejè !

**ETAP YO :**




1. Ale nan **Profile** (paj ou)
2. Klike sou **Settings and privacy**
3. Klike sou **Cache & cellular**
4. Klike sou **Free up space**
5. Klike sou **Clear** (Efase cache)

### 9 ITILIZE APPEAL

Lè w resevwa yon restriksyon ou kwè ki se yon erè, pa prese aksepte l; itilize opsyon Appeal si li disponib.




### 10 TCHEKE ACCOUNT CHECK

Toujou verifye Account Check/eta kont ou pou w ka wè pwoblèm yo epi pran aksyon ki disponib.




> *"Disiplin, pasyans ak bon pratik se kle siksè sou TikTok."* — FÈM VIRAL

CHAPIT 3

# KIJAN POU EVITE PWOBLÈM SOU TIKTOK

PROTEJE KONT OU • RESPEKTE RÈG YO • KONTINYE GRANDI




## 3.1 RESPEKTE RÈG KOMINOTE A

TikTok gen règ klè sou sa ou ka poste ak sa ou pa ka poste. Si ou respekte Community Guidelines yo, ou diminye risk pou videyo ou retire, pou kont ou restriksyon, oswa menm sispann nèt.

## 3.2 BON ABITID POU POSTE

Lè ou gen bon abitid, ou evite pwoblèm epi ou ogmante chans pou kont ou grandi.

- **POSTE REGILYÈMAN** — Fè yon kalandriye pou poste ak konsistans.
- **POSTE KONTNI ORIJINAL** — Kreye pwòp videyo ou, ajoute vwa ou, ide pa ou.
- **SWIV TANDANS** — Sèvi ak son, efè ak tandans ki legal epi ki pa vyole règ.
- **BON KALITE** — Poste videyo klè (yan kalite), bon limyè ak bon son.
- **PA SPAM** — Pa poste twòp videyo an menm tan. Bay espas ant piblikasyon yo.
- **ENTÈRAJI** — Reponn kòmantè, kreye kominote, epi respekte lòt kreyatè.

## 3.3 PWOTEJE KONT OU

Sekirite kont ou trè enpòtan pou evite hack, vòl kont, oswa restriksyon.

- **AKTIVE 2FA** — Sèvi ak verifikasyon de etap (2FA).
- **SÈVI AK YON IMEYÈL SEKIRIZE** — Itilize yon imèl ou kontwole sèlman.
- **ITILIZE YON MODPAS FÒ** — Kreye yon modpas solid epi pa janm pataje li.
- **KENBE ENFÒMASYON OU AJOU** — Nimewo telefòn, imèl, ak lòt enfòmasyon dwe ajou.
- **EVITE APLIKASYON TWAZYÈM PATI** — Pa konekte kont ou ak aplikasyon ou pa fè konfyans.

## 3.4 KIJAN POU JERE RESTRIKSYON

Si ou resevwa avètisman, videyo ou retire, oswa kont ou restriksyon, pa panike.

- Li mesaj TikTok la ak atansyon.
- Tcheke ki règ ou te vyole.
- Si ou panse se yon erè, fè apèl (appeal).
- Efase oswa edite kontni ki gen pwoblèm.
- Evite repete menm erè a.

> *"Pi bon fason pou pa gen pwoblèm sou TikTok se kreye kontni pozitif, orijinal epi respekte règ yo toujou."*
>
> — FÈM VIRAL

## 3.5 OBJEKTIF PAJ SA A

Apre w fin li paj sa a, w ap kapab :

- Aplike bon abitid pou poste.
- Pwoteje kont ou.
- Jere restriksyon ak avètisman.
- Kreye kontni san risk nan lavni.

CHAPIT 3

Konesans Se Pouvwa

# KISA VIRAL LA YE ?

KONPRANN, AP LIKE, AP GADE, AP PATAJE, AP GAYE

## 3.1 DEFINISYON VIRAL

Yon videyo viral se yon videyo ki gaye trè vit sou TikTok, ki rive jwenn yon gwo kantite moun nan yon kout tan, pa sèlman fanatik ou yo, men nouvo odyans tou.

Viral vle di kontni an enteresan, kapte atansyon, e moun renmen pataje l.




*Yon bon ide kapab chanje tout bagay !*

- PLIS VIEWS
- PLIS MOUN
- PLIS PATAJ
- PLIS OPÒTINITE

## 3.2 KIJAN TIKTOK DISTRIBYE YON VIDEO ?

TikTok teste videyo a ak yon ti gwoup moun dabò. Si yo renmen l (gade nèt, like, pataje, kòmantè), TikTok kòmanse voye l bay plis moun, e se konsa li ka vin viral.

**TI GWOUP MOUN** (Egz. 200–500) → **PI PLIS ODYANS** (Egz. 5K–50K) → **GWO DISTRIBISYON** (Egz. 100K–1M+)

## 3.3 VIRAL ≠ ANPIL VIEWS ?

Gen videyo ki ka fè 10K, 50K oswa 100K views menm, men li pa nesesèman viral. Yon videyo vrèman viral, se lè li kontinye ap gaye rapid, li rive jwenn anpil nouvo moun, e li kenbe atansyon pou plizyè jou.

| ANPIL VIEWS (MENM PA VIRAL) | VIRAL (GAYE RAPID) |
|---|---|
| 50K Views | 1M+ Views |
| Rive yon limit vit | Kontinye ap gaye |
| Pa kontinye gaye | Rive jwenn nouvo moun |
| Souvan se fanatik ou yo | Gwo entèraksyon |
| Ti entèraksyon | Ka rete aktif plizyè jou |

## 3.4 POUKISA VIRAL ENPÒTAN ?

- **PLIS VIZIBILITE** — Konte w la vin plis konnen.
- **PLIS ABÒNE** — Ou jwenn nouvo fanatik.
- **PLIS OPÒTINITE** — Brand, kolaborasyon, TikTok Shop, Live.
- **PLIS REVNI** — Plis moun = plis chans pou fè lajan.

> "Yon sèl videyo viral ka chanje avni w sou TikTok."
>
> — KST PRIME

## CHAPIT 3

*Konesans Se Pouvwa*

*Bon kontni toujou genyen pi gwo chans !*

# KISA KI FÈ YON VIDEYO VIN VIRAL ?

FAKTÈ KI FÈ TIKTOK POUSSE KONTNI W LAN

*Kreye Enterè Kenbe Atansyon Fè Aksyon !*

### 1 HOOK (PREMYE SEGOND YO)

3 premye segond yo se kle a.
Yo dwe atire atansyon moun imedyatman. Yon bon kòmansman fè moun rete gade.

- Pose yon kesyon
- Bay yon rezilta
- Montre yon bagay enteresan
- Kòmanse ak aksyon

### 2 RETANSYON (TAN MOUN GADE)

Plis moun gade videyo a nèt, plis TikTok konsidere l enteresan.
Retansyon wo = plis distribisyon.

0% 50% 100%

**Objektif:** Kenbe moun gade jiska fen videyo a.

### 3 REWATCH (GADE PLIZYÈ FWA)

Lè moun gade videyo a plizyè fwa, sa montre ke kontni an gen gwo valè. TikTok renmen videyo ki fè moun repete gade.

Fè videyo ki bay plezi, sipriz, oswa enfòmasyon enpòtan.




### 4 PATAJ (SHARE)

Lè moun pataje videyo a ak zanmi, sou lòt rezo oswa voye an mesaj, TikTok pouse li bay plis moun.

Pataj = Gwo siyal ke videyo a gen valè.

### 5 KÒMANTÈ (KOMANTÈ)

Kòmantè kreye diskisyon. Plis moun komante, plis TikTok wè kontni an enteresan e li montre l bay lòt moun.

Poze kesyon, mande opinyon, oswa kreye yon sijè ki fè moun vle reponn.

### 6 LIKE

Like montre ke moun renmen kontni an.
Men pou viral, li pa sifi sèlman.
Li dwe vini ansanm ak lòt faktè yo.

Yon bon kontni fè moun like natirèlman.

### 7 ANREJISTRE (SAVE)

Lè moun anrejistre videyo a, sa vle di yo konsidere l itil e yo vle tounen gade l pi ta. Sa se yon gwo siyal pou TikTok.

Fè kontni edukatif, motivasyonèl oswa ki bay solisyon.

### 8 ENTERÈ AK RELEVANS

TikTok analize si videyo a enterese bon odyans lan (niche, sijè, mo kle, trend). Si kontni an koresponn ak enterè moun yo, li pral distribye l plis.

Chwazi sijè ki enterese odyans ou epi itilize trend ki mache.

**TOUT FAKTÈ SA YO TRAVAY ANSANM.**
Plis entèraksyon + plis tan gade = plis chans pou viral.

> *"Kontni ki pote valè, toujou jwenn odyans li."*
> — KST PRIME

## CHAPIT 3

*Konesans Se Pouvwa*

# KI JAN POU OGMANTE CHANS POU YON VIDEYO VIN VIRAL ?

ESTRATEJI PRATIK + EGZANP KONKRÈ

### 1 YON BON HOOK (PREMYE SEGOND YO)

Atire atansyon moun nan premye 1 a 3 segond yo. Kòmanse ak yon kesyon, yon deklarasyon fò, oswa yon bagay ki etone.

**EGZANP HOOK**




### 2 KONTNI KI ENTERESAN E KI GEN VALÈ

Pataje yon bagay ki edikatif, amizan, emosyonèl, oswa itil pou odyans ou.

**TIP KONTNI POPILÈ**

- Tutorial / Konsèy
- Trik / Astis
- Amizan / Lavi chak jou
- Istwa pèsonèl
- Gaming
- Revizyon pwodui
- Aktualite / Nouvèl

### 3 BON KALITE VIDEO

Itilize bon limyè, bon son, epi asire videyo a klè. Yon videyo pwòp epi byen prezante kenbe moun pi lontan.




### 4 ITILIZE TÈKS AK CAPTIONS

Mete tèks sou videyo a pou moun ka konprann menm san son. Tèks la dwe klè, kout e atiran.




**KONSÈY**

- Tèks kout
- Gwo lèt
- Bon koulè
- Pozisyon klè
- Mete sous-titres

### 5 ANKOURAJE ENTÈRAKSYON

Mande moun kòmante, pataje, oswa di opinyon yo. Plis entèraksyon gen, se plis TikTok pouse videyo a.

**EGZANP KESYON**

- Kisa ou panse ?
- Ou ta fè sa ?
- Ki pi bon an ?
- Tag yon zanmi !
- Di m nan kòmantè !

*Fè odyans ou patisipe !*

### 6 SUIV TREND AK METE TOUCH PA W

Itilize son, defi, oswa trend ki nan moman an, men ajoute pwòp stil ou pou w diferan.




### 7 POSTE REGILYÈMAN

Plis ou poste, se plis chans ou bay TikTok pou li jwenn yon videyo ki pral pran fòs. Rete konsistan.

**EGZANP PLAN**

- 3 a 5 videyo pa semèn
- Teste diferan sijè
- Analize rezilta yo
- Repete sa ki mache

### 8 ANALIZE E REPETE SA KI MACHE

Gade videyo ki gen plis views, verifye kisa ki te diferan (hook, sijè, son, elatriye) epi fè plis kontni menm jan.

**SA POU W TCHEKE**

- Konbyen moun gade nèt
- Kantite like, kòmantè, pataj
- Sous views yo (For You)
- Repete sa ki bay bon rezilta

**OBJEKTIF LA**

Teste, aprann, ajiste, epi kontinye. Chak videyo se yon nouvo opòtinite pou w vin viral !

**SONJE :** Pa gen yon fòmil majik, men ak bon estrateji, bon kontni, ak konsistans, ou ka ogmante anpil chans pou videyo w vin viral.

> *"Kreyativite + Konsistans = Rezilta."*
> — KST PRIME

## CHAPIT 3

*Konesans Se Pouvwa*

# DEMOSTRASYON PRATIK

EGZANP KONKRÈ POU APLIKE EPI OGMANTE CHANS POU VIN VIRAL

### 1 FÈ YON BON HOOK

Premye 1–3 segonn yo dwe atraktive.

| Move egzanp | Bon egzanp |
|---|---|
| "Bonjou, jodia m ap pale de..." | *"Ou pa pral kwè sa k rive m yè swa !"* |
| Twò dous (pa kenbe atansyon) | Atire kiryozite (moun vle konnen plis) |

### 2 MONTRE PWOBLÈM EPI BAY SOLISYON

Kontni ki rezoud yon pwoblèm gen gwo chans pou pataje.

| Pale sèlman de pwoblèm nan | Montre solisyon an |
|---|---|
|  |  |
| Montre pwoblèm san solisyon | Rezilta klè (moun renmen solisyon) |

### 3 ITILIZE TÈKS SOU VIDEO

Mete tèks kout, klè, ak vizib.

| Tèks twò piti oswa twò long | Tèks kout ak klè |
|---|---|
| Men kijan pou netwaye soulye w lakay ou ak kèk pwodwi senp ke ou ka jwenn fasilman nan magazen. | NETWAYE SOULYE W AN 1 MINIT ! 🔥 |
| Twò long (pa fasil pou li) | Klè, senp, atire atansyon |

### 4 ITILIZE BON ANGL AK LIMYÈ

Yon bon vizyèl kenbe atansyon.

| Move limyè ak move ang | Bon limyè ak bon ang |
|---|---|
|  |  |
| Twò nwa (pa bèl pou gade) | Klè, pwofesyonèl (moun rete gade) |

### 5 AJOUTE MUSIK TANDANS

Itilize son ki nan tandans pou ogmante distribisyon.

**Trending Sounds**

| Son | Videos |
|---|---|
| Son original | 1.2M videos |
| Viral Vibes | 3.5M videos |
| Good Energy | 2.8M videos |
| Motivation | 4.1M videos |

*Chwazi yon son ki trending lan !*

### 6 AJOUTE CALL TO ACTION

Di moun sa pou yo fè.




### 7 MONTE YON STORYTELLING

Rakonte yon istwa kout ki gen emosyon.

| San istwa | Ak istwa |
|---|---|
| "Men pwodwi a. Li bon." | *"M te toujou gen pwoblèm ak sa... jiskaske mwen dekouvri sa ! Gade rezilta a !"* |
| Twò senp (pa kreye emosyon) | Kreye koneksyon (moun santi yo patisipe) |

### 8 EDITE EPI KENBE RITM NAN

Koupe pati ki pa enpòtan, kenbe videyo a rapid.

Koupe sa ki pa enpòtan



| 0:00 | 0:03 | 0:20 |
|---|---|---|
| Hook | Kontni prensipal | Rezilta |

### 9 TESTE, ANALIZE, REPETE

Gade sa ki mache, fè plis nan menm jan.

**Rezilta egzanp**

| | | |
|---|---|---|
| Views | 532.4K | ↑ |
| Likes | 28.7K | ↑ |
| Kòmantè | 2.1K | ↑ |
| Pataj | 5.6K | ↑ |
| Anrejistreman | 4.3K | ↑ |

*Aksyon Jodi a !*

- Chwazi yon sijè ki enteresan
- Fè videyo a ak 3–5 teknik sa yo
- Poste li epi analize rezilta yo
- Repete sa ki mache !

> *"Pa gen yon fòmil majik, men aplikasyon teknik sa yo ogmante chans ou pou kontni w vin viral."*
>
> — KST PRIME

CHAPIT 4

Konesans Se Pouvwa

# PREPARE PAJ OU POU GRANDI

YON BON FONDASYON POU PLIS VIZIBILITE, PLIS SWIVI, PLIS OPÒTINITE

## 4.1 CHWAZI YON BON NICHE

Konsantre sou yon sijè prensipal. Sa ede TikTok konnen kiyès ki enterese nan kont ou.

**EGZANP NICHE POPILÈ**

- Gaming
- Mizik
- Edikasyon
- Aktualite
- TikTok Shop Pwodui
- Sante Fòm fizik
- Manje Kizin
- Vwayaj
- Lavi chak jou (Blog)

**Konsèy : Chwazi 1 oswa 2 niche ou renmen epi rete konsistan.**

## 4.2 METE YON FOTO PROFIL ATRAKTIF

Itilize yon foto klè, pwofesyonèl, ki reflete sa ou fè.

**Move egzanp**

User12345

- Pa gen foto
- Pa gen idantite
- Pa atire moun

**Bon egzanp**

KST PRIME
@kstprime

- Foto klè
- Idantite mak
- Profesyonèl
- Fè moun konfyans

*Fè premye enpresyon an konte !*

## 4.3 CHWAZI YON BON NON AK @USERNAME

Non ou dwe fasil pou sonje, senp, epi reflete sa ou fè.

**Move egzanp**

TikTok User
@user_9837462

- Twò jeneral
- Difisil pou sonje
- Pa gen idantite

**Bon egzanp**

KST PRIME
@kstprime

- Fasil pou sonje
- Senp e kout
- Reflete mak ou
- Pi pwofesyonèl

**Konsèy :** Eseye itilize memm non an sou tout lòt rezo sosyal (Instagram, YouTube, Facebook, elatriye).

## 4.4 EKRI YON BIO KI ATIRE

Bio ou dwe di klèman kiyès ou ye, sa ou fè, e poukisa moun ta dwe swiv ou.

**Move egzanp**

TikTok User
@user_9837462
12 Following | 3 Followers | 0 Likes
Follow
No bio yet.

- Pa gen enfòmasyon
- Pa atire moun
- Pa pwofesyonèl

**Bon egzanp**

KST PRIME
@kstprime
256 Following | 710K Followers | 12.4M Likes
Follow
Content Creator | Gamer | Business
Mizik | Motivasyon
USA | Haiti
Link pou tout rezo m yo

- Klè e profesyonèl
- Di sa ou fè
- Gen kote moun ka jwenn ou
- Fè moun anvi swiv ou

## 4.5 AJOUTE YON LINK

Mete yon lyen nan bio ou pou sit ou, TikTok Shop, YouTube, WhatsApp, oswa lòt rezo.

KST PRIME
@kstprime
256 Following | 710K Followers | 12.4M Likes
Follow
Content Creator | Gamer | Business
Mizik | Motivasyon
USA | Haiti
Link pou tout rezo m yo
https://linktr.ee/kstprime

Itilize Linktree, Beacons, oswa lyen dirèk pou sit ou.

## 4.6 METE YON KONT PRO

Chanje pou yon TikTok Business Account oswa Creator Account pou gen aksè a plis zouti.

**Anviwònman ak vi prive**

- Kont
- Vi prive
- Sekirite
- Zouti pou kreyatè
- Biznis
- Lòd ak peman
- Pataje pwofil

**Etap yo :**

1. Ale nan Anviwònman
2. Klike sou "Zouti pou kreyatè"
3. Chwazi Creator Account oswa Business Account
4. Ranpli enfòmasyon yo

**OBJEKTIF LA**

Gen yon paj ki klè, pwofesyonèl, atiran e ki pare pou grandi.

> "Yon bon pwofil se premye etap pou gwo opòtinite."
>
> — KST PRIME

CHAPIT 4

Konesans Se Pouvwa

# PLANIFIKASYON KONTENI

ORGANIZE POU PLIS REGILARITE, PLIS KONSISTANS, PLIS REZILTA

## 4.7 CHWAZI TIP KONTENI OU

Melanje plizyè tip kontni pou kenbe enterè odyans ou.

- TUTORIEL (Ede moun)
- DIVÈTISMAN (Fè moun ri)
- GAMING (Jwèt)
- AKTUALITE (Nouvèl)
- PWODWI (TikTok Shop)
- LAVI CHAK JOU (Vlog)

**Konsèy :** Chwazi 2 a 3 tip kontni prensipal epi rete ladan.

## 4.8 KREYE YON KALANDRIYE POSTAJ

Planifye videyo ou davans pou rete regilye.

**Egzanp Kalandriye (1 Semèn)**

| | |
|---|---|
| Lendi | Tutoriel |
| Madi | Gaming |
| Mèkredi | Pwodwi / TikTok Shop |
| Jedi | Lavi chak jou |
| Vandredi | Divètisman |
| Samdi | Aktalite |
| Dimanch | Q&A ak odyans |

*Yon bon plan = mwens estrès + plis rezilta !*

## 4.9 CHWAZI PI BÒN LÈ POU POSTE

Pibliye lè odyans ou pi aktif pou gen plis chans pou w jwenn views.

**Egzanp lè ki pi bon (US Time)**

- 7:00 AM – 9:00 AM
- 12:00 PM – 2:00 PM
- 5:00 PM – 7:00 PM
- 9:00 PM – 12:00 AM

*Teste epi wè ki lè ki mache pi byen pou odyans ou !*




Ou ka verifye done sa nan TikTok Analytics pou kont ou.

## 4.10 ITILIZE YON BON EQUIPEMAN

Pa bezwen ekipman chè, men bon kalite video ak son fè yon gwo diferans.

**Baz ou bezwen :**



Bon telefòn



Limyè (Ring Light)



Mikwofòn (si posib)



Tripod (kenbe stabilite)

## 4.11 ITILIZE YON BON LOKASYON

Yon bon kote pou filme ka fè videyo ou pi pwofesyonèl.

**Move egzanp**



- Twò nwa
- Twò gen bri
- Background dezòdone
- Move limyè

**Bon egzanp**



- Bon limyè
- Background pwòp
- Trankil (pa gen bri)
- Anviwònman atiran

## 4.12 FÈ YON LIST IDE KONTENI

Toujou gen yon lis ide pare pou pa janm manje tan.

**Egzamp ide videyo :**

- Tutorial sou yon jwèt
- Review yon pwodui
- Reyaksyon sou yon nouvèl
- Tips pou grandi sou TikTok
- Q&A ak followers
- BTS (Dèyè sèn)
- Yon istwa pèsonèl
- Challenge / Trend

**Konsèy :** Ekri tout ide ou nan nòt telefòn ou oswa nan yon app tankou Notion, Google Keep oswa Notes.

## 4.13 PREPARE AVAN OU FILME

Fè yon ti plan pou videyo a avan w peze "Record".

- Ekri 2-3 pwen prensipal
- Fè test limyè ak son
- Chwazi rad ki apwopriye
- Tcheke background
- Fè yon ti script si sa nesesè

## 4.14 KENBE KONSISTANS

Plis ou poste regilyèman, se plis chans ou gen pou grandi.

**Rekòmandasyon :**

- Poste omwen 1 a 3 videyo pa jou
- Kenbe memn niche oswa sijè
- Pa sote twòp jou
- Amelyore kalite videyo yo toujou
- Analize sa ki mache epi repete l

> "Plan jodi a, se siksè demen."
> — KST PRIME

*Disiplin + Konsistans = Kwasans !*

CHAPIT 4

*Konesans Se Pouvwa*

# KREYE KONTENI KI ATIRE

FÈ VIDEO MOUN RENMEN GADE, PATAJE, EPI KI FÈ OU GRANDI

## 4.15 KÒMANSE AK YON BON IDE

Yon bon videyo kòmanse ak yon bon ide. Gade sa ki enterese odyans ou epi mete pwòp touche pa w.

**Sous ide :**

- 🔥 Trend TikTok
- Rechèch (Search)
- Kesyon fanatik yo
- Pwodwi / Sèvis ou
- Aktalite / Nouvèl
- 💡 Eksperyans pèsonèl

*Bon ide gen valè, men bon exekisyon fè diferans !*

## 4.16 EKRI YON SCRIPT SENP

Yon ti script ede w pale klè, rete sou sijè a, epi kenbe atansyon moun.

**Egzanp script (15 segonn) :**

1. **Hook (0–3s) :** "Èske w te konnen… ?"
2. **Entwodiksyon (3–5s) :** Prezante sijè a.
3. **Kò videyo (5–12s) :** Bay enfòmasyon où oswa montre aksyon an.
4. **Konklizyon (12–15s) :** Ensite moun like, komante, pataje, e swiw ou.

*"Yon bon video pa bezwen long, li bezwen klè !"*

## 4.17 FILME AK BON KALITE

Bon limyè, bon son, ak bon ang fè videyo ou pi pwofesyonèl.

**Move kondisyon**



- Limyè fèb
- Imaj twoub
- Son pa klè
- Move ang

**Bon kondisyon**



- Bon limyè
- Son klè
- Imaj klè
- Bon ang
- Anviwònman pwòp

## 4.18 ITILIZE EFE AK OUTILS KREYATIF

Sèvi ak zouti TikTok pou rann videyo w pi enteresan.

| | | | |
|---|---|---|---|
| FILTÈ | TÈKS | STICKERS | EFÈ SON |
| GREEN SCREEN | SPLIT SCREEN | VOIX OFF | VITESSE |

**Konsèy :** Pa twòp efè. Itilize sa ki nesesè sèlman.

## 4.19 MONTE AK EDITÉ VIDEYO OU

Yon bon montaj ka fè yon videyo òdinè vin ekstraòdinè.

**Etap montaj senp :**

1. Koupe pati ki pa nesesè
2. Mete tèks ak sous-titres
3. Ajoute mizik ki trend
4. Mete efè si li nesesè
5. Verifye kalite final la

- **CapCut** (Pi popilè)
- **TikTok Studio** (Gratis)
- **InShot** (Fasil pou itilize)

## 4.20 POSTE NAN BON MOMAN

Lè ou poste enpòtan anpil pou rive jwenn plis moun.

**Pi bon lè pou poste (US Time) :**

- 7:00 AM – 9:00 AM
- 12:00 PM – 2:00 PM
- 5:00 PM – 7:00 PM
- 9:00 PM – 11:00 PM

*Teste epi wè ki lè ki mache pi byen pou odyans ou !*

## 4.21 AJOUTE YON BON DESKRIPSYON

Deskripsyon an ede algoritm nan konprann sijè videyo ou.

> Nouvo teknik pou fè video viral ! 🔥
> Teste li epi di mwen rezilta ou !
> #TikTokHaiti #KSTPRIME #Viral #Creator #Motivasyon #TikTokTips
> 0/2200
> # Hashtag | @ Mansyon | ▷ Videyo

**Konsèy :** Itilize 3 a 5 hashtag ki gen rapò ak kontni ou.

## 4.22 ANALIZE REZILTA OU

Apre ou poste, tcheke analiz pou wè sa ki mache epi amelyore.

**< Video analysis**

Overview | Reach | Engagement

| 125.4K | 12.6K | 1,243 | 2,891 |
|---|---|---|---|
| Video views | Likes | Comments | Shares |
| +248% | +310% | +175% | +420% |

Gade sa k mache, repete sa, epi fè li pi byen !

## OBJEKTIF LA

- Kreye kontni regilyèman
- Fè video ki atire ak ki gen valè
- Kenbe yon bon kalite
- Poste nan bon moman
- Analize epi amelyore rezilta
- Fè odyans lan tounen fanatik fidel

*"Kreyativite + Disiplin + Bon Estrateji = Kwazans reyèl !"*
— KST PRIME

Konesans Se Pouvwa

## CHAPIT 5

# JWENN BON LIDE KONTNI

PA JANM MANKE LIDE – KREYE KONTNI KI ATIRE EPI KI FÈ MOUN RETE

### 5.1 KI KONTNI KI FONKSYONE SOU TIKTOK ?

**Kontni ki bay valè,** ki amize, ki edike ou ki fè moun santi yon emosyon.

- **Edikasyon** (Tutorial)
- **Divètisman** (Funny)
- **Gaming** (Jwèt)
- **Aktalite** (Nouvèl)
- **Pwodwi** (TikTok Shop)
- **Lavi chak jou** (Vlog)

### 5.2 3 EGZANP KONTNI EGZAK POU OU FÈ




### 5.3 SÈVI AK TREND AK SON POPILÈ

Itilize son, defi (challenge) ak trend ki deja ap mache pou jwenn plis vizibilite.




### 5.4 ADAPTE LIDE YO AK NICHE OU

Pran yon menm lide epi adapte l ak sa ou fè.

**MENM LIDE** (Move jeneral)



Morning routine (jeneral)

**ADAPTE AK NICHE** (Pi bon rezilta)



Morning routine pou yon Creator
(Tools, telefòn, mikwo, elatriye)

### 5.5 ITILIZE ZOUTI POU JWENN LIDE

Gen plizyè zouti ki ka ede w jwenn lide kontni chak jou.

- **TikTok Creative Center** (Trend ak insight)
- **Google Trends** (Sa moun ap chèche)
- **ChatGPT** (Lide kontni ak script)
- **YouTube** (Lide long format)
- **Notion** (Planifikasyon ide)

### 5.6 TOUJOU KENBE YON LIS LIDE

Ekri tout ide ou genyen pou w pa janm manke kontni.




### KONSEY PRO

- Obsève sa k ap mache nan niche ou
- Mete pwòp touche pa w
- Fè videyo kout, klè, ak atraktif
- Teste diferan kalite kontni
- Gade rezilta epi repete sa ki mache

*Lide pa manke, se egzekisyon ki fè diferans !*

> *"Yon bon lide kapab chanje lavi ou. Men se aksyon ki bay rezilta."*
>
> — KST PRIME

CHAPIT 5

Konesans Se Pouvwa

# KREYE KONTNI KI ATIRE

IDE · FÒMA · ESTRATEJI · EGZEKISYON

*Bon kontni se motè kwasans ou !*

## 5.7 PLANIFYE AVAN OU FILME

Yon bon videyo kòmanse ak yon plan.




**Konsèy :** Pran 5 minit pou planifye, ou ap ekonomize tan epi fè pi bon videyo.

## 5.8 FÒMA KONTNI KI MACHE

Men 6 fòm kontni ki bay bon rezilta sou TikTok.

- **Tutorial** (Ede moun)
- **Storytime** (Pataje istwa ou)
- **Gaming** (Jwèt)
- **Unboxing** (Tès pwodwi)
- **Reyaksyon** (Analyze / Opinyon)
- **Tips & Astuces** (Konsèy rapid)

## 5.9 EGZANP SCRIPT (15–30s)

Sèvi ak estrikti sa a pou kenbe atansyon.

| | |
|---|---|
| HOOK (0–3s) | "Eske w te konnen… ?" oubyen yon kesyon ki enteresan. |
| DEVLOPMAN (3–20s) | Bay enfòmasyon an. Montre, eksplike, ajoute egzanp. |
| KONKLIZYON (20–28s) | Rezime sa w di a. |
| CTA (28–30s) | "Follow pou plis tips !" "Like, komante, pataje !" |

## 5.10 EGZANP REYÈL KONTNI OU KA FÈ

Men 3 egzanp videyo konkrè ak tout detay.

**1 TUTORIAL**




- Fè fas a kamera
- Eksplike 3 erè yo
- Montre egzanp rapid
- Bay solisyon
- Fini ak: Follow pou plis tips !

▶ 1.2M

**2 STORYTIME**




- Raconte istwa w
- Montre prèv (Analytics)
- Di sa w te fè diferan
- Bay konsèy pratik
- Fini ak motivasyon

▶ 2.4M

**3 UNBOXING / REVIEW**




- Montre bwat la
- Fè unboxing (louvri)
- Teste pwodwi a
- Itize avantaj / dezavantaj
- Di kote pou achte a

▶ 1.8M

## 5.11 KREYE KONTNI AK TELEFÒN OU

Ou pa bezwen ekipman chè pou fè bon videyo.



- Bon limyè (natirèl oswa ring light)
- Videyo an vètikal (9:16)
- Itilize yon background pwòp
- Fè son klè
- Kenbe imaj la estab (tripod si posib)
- Filme an 1080p oswa 4K
- Pale klè ak konfyans

**Konsèy :** Kontni senp men natirèl gen plis chans pou vin viral pase kontni twò konplike.

## 5.12 EDITE VIDEYO OU

Sèvi ak app senp men pwofesyonèl.

- **CapCut** (Pi popilè)
- **TikTok Studio** (Gratis)
- **InShot** (Fasil pou itilize)
- **VN** (Pou avanse)

## 5.13 AJOUTE TÈKS, SOUS-TITRES, AK EFÈ




- Mete tèks sou ekran
- Itilize sous-titres
- Ajoute emoji
- Itilize efè (transitions)
- Kenbe style ou menm
- Pa mete twòp efè

## 5.14 TESTE, ANALIZE, AMELYORE

Apre ou poste, gade rezilta yo epi aprann.

Video analytics

| Views | Likes | Comments | Shares |
|---|---|---|---|
| 125.4K | 12.6K | 1,243 | 2,891 |

**Konsèy :** Chak videyo se yon leson. Gade sa ki mache, repete li, epi toujou eseye fè pi byen !



*Disiplin jodi a, Rezilta demen !*

CHAPIT 5

Konesans Se Pouvwa

# TRANSFÒME YON LIDE AN YON VIDEO

ETAP PA ETAP – SOTI NAN LIDE JISKA REZILTA

*Yon bon kontni ka chanje lavi ou !*

## 1 CHWAZI LIDE A

Pran yon lide ki klè epi presi.




**Konsèy :** Chwazi yon sijè ke odyans ou enterese ladan l.

## 2 EKRI SCRIPT LA

Prepare yon ti script (15 – 30s).




## 3 ANREJISTRE VIDEO A

Filme avèk bon kalite.




- Bon limyè (natirèl oswa ring light)
- Son klè
- Kamera an vètikal (9:16)
- Background pwòp

## 4 EDITE VIDEO A

Amelyore videyo a pou li plis atiran.




- Koupe pati ki pa nesesè
- Mete tèks sou ekran
- Ajoute imaj / emoji
- Mete mizik trending (si apwopriye)
- Ajoute sous-titres
- Kenbe video a kout (15 – 60s)

## 5 POSTE VIDEO A

Sèvi ak bon paramèt lè w poste.




- Mete yon bon deskripsyon
- Itilize hashtag ki gen rapò
- Chwazi yon bon kouvèti (cover)
- Poste nan bon lè (gade analytics)

## 6 ANALIZE REZILTA YO

Gade sa ki mache epi repete.




**Konsèy :** Gade ki kalite kontni ki bay pi bon rezilta, epi fè plis sou menm kalite a.

## 7 REPETE EPI AMELYORE

Konsistans se kle a.



- Fè plis videyo sou menm sijè a
- Teste diferan style
- Tande sa odyans lan di w
- Amelyore yon ti bagay chak fwa
- Rete konsistan (omwen 3–5 videyo pa semèn)

*Pa tann pèfeksyon, komanse jodi a !*

> "Yon lide byen egzekite ka pote w views, abòn e revni. Sa ki enpòtan se pran aksyon, pa jis reflechi."
>
> — KST PRIME



*Disiplin jodi a, Rezilta demen !*

# CHAPIT 5

Konesans Se Pouvwa

# LIS HASHTAG POU CHAK NICH

ITILIZE BON HASHTAG POU OGMANTE VIZIBILITE OU

Bon hashtag
Plis moun wè w
= Plis chans pou w viral !

## 1 TUTORIAL / EDIKASYON



- tiktoktutorial
- #aprannavekmwen
- #tipsandtricks
- #edukasyon
- #haitiantiktok
- #learnontiktok
- #konesans

## 2 DIVÈTISMAN / FUNNY



- #funny
- #komedi
- #haitiancomedy
- #fyp
- #viralvideo
- #riavèm
- #funnyhaitian
- #laughtoday

## 3 JWÈT / GAMING



- #gaming
- #gameplay
- #freefire
- #pubgmobile
- #gamerhaitien
- #mobilegaming
- #tiktokgaming
- #gamingcommunity

## 4 PWODWI / UNBOXING




- #unboxing
- #productreview
- #tiktokshop
- #haitiancreator
- #techreview
- #amazonfinds
- #shopping
- #unboxinghaiti

## 5 BEAUTE / FASHION



- beauty
- #makeup
- #skincare
- #fashion
- #style
- #glowup
- #haitianbeauty
- #outfitideas

## 6 MANJE / CUISINE



- #food
- #cuisinehaitienne
- #cooking
- #recette
- #foodlover
- #haitianfood
- #easyrecipe
- #manjeayisyen

## 7 VWAYAJ / TRAVEL



- #travel
- #haiti
- #vacation
- #explore
- #travelvlog
- #discover
- #travelhaiti
- #worldtravel

## 8 MIZIK / MUSIC



- #music
- #newmusic
- #haitianmusic
- #artist
- #song
- #musicvideo
- #trapkreyol
- #haitianartist

## 9 AKTUALITE / NEWS




- news
- #haitinews
- #actualite
- #politik
- #enfomasyon
- #journalist
- #newupdate
- #haiti

## 10 MOTIVASYON / LAVI



- #motivation
- #lifestyle
- #success
- #mindset
- #positivevibes
- #selfimprovement
- #haitianmotivation
- #nevergiveup

## 11 BIZNIS / ENTREPRENARIAT




- #business
- #entrepreneur
- #smallbusiness
- #makemoney
- #onlinebusiness
- #digitalmarketing
- #sidehustle
- #businesshaiti

## 12 RELASYON / LAVI CHAK JOU




- #relationship
- #couplegoals
- #love
- #lifestyle
- #lavichakjou
- #family
- #haitiancouple
- #goodvibes

## 13 HASHTAG GENERAL (POU TOUT NICH)

- #fyp
- #foryou
- #viral
- #tiktokhaiti
- #haitiantiktok
- #kreyol
- #trending
- #explore
- #tiktokcreator
- #contentcreator

## KONSÈY ITILIZASYON

- Itilize 5 a 15 hashtag pa videyo.
- Mete yon melanj: gwo + mwayen + espesifik.
- Chwazi hashtag ki gen rapò ak kontni ou.
- Pa repete menm hashtag yo tout tan.
- Teste diferan hashtag epi gade ki mache.
- Itilize hashtag lokal tankou #haiti, #haitiantiktok.
- Mete hashtag nan deskripsyon, pa nan videyo a.
- Gade trend yo epi adapte yo.

"Bon hashtag ka mete videyo ou devan plis moun. Chwazi yo byen, itilize yo entelijan, epi rete konstans."
— KST PRIME

Pi bon kontni
Pi gwo rezilta !

CHAPIT 6

Konesans Se Pouvwa

# PREPARASYON AVAN PIBLIKASYON

**FÈ tout Saw dwe FÈ Avanw Poste POU ogmante Chans POU video ou a viral**

*"Yon bon preparasyon bay yon pi bon rezilta."*
— KST PRIME

## 1 TCHEKE KALITE VIDEO A




- Itilize bon limyè
- Videyo klè (HD oswa 4K)
- Imaj pa twoub
- Son klè e san bri
- Itilize trépied si posib
- Verifye kadraj (frame) la

## 2 EDITE VIDEO A




- Koupe pati ki pa nesesè
- Ajoute teks sou video a
- Mete sous-titre (caption)
- Ajoute mizik ki nan trend
- Mete efè ki natirèl
- Kenbe video kout, dinamik e enteresan

## 3 EKRI YON BON DESKRIPSYON




- Mete yon mesaj klè
- Itilize 3 a 8 hashtag ki enpòtan
- Ajoute yon apèl a aksyon (CTA)
- Ekri nan lang odyans ou
- Pa mete twòp hashtag
- Verifye òtograf

## 4 CHWAZI YON BON KOUVÈTI







- Itilize yon imaj klè e atiran
- Mete yon ti teks kout
- Itilize koulè ki klè
- Chwazi yon imaj ki rezime kontni an

## 5 CHWAZI PARAMÈT PIBLIKASYON

- Who can watch this video — Public >
- Allow comments
- Allow Duet
- Allow Stitch
- Allow high-quality uploads
- More options — Manage upload quality, Branded content, and more.

- Mete video a Public
- Pèmèt kòmantè, Duet ak Stitch
- Aktive HD upload
- Tcheke si pa gen restriksyon
- Verifye kategori kontni an

## 6 REVIZE AVAN W POSTE




## KONSÈY ANPLIS

- Poste nan lè odyans ou pi aktif.
- Obsève sa k ap mache nan nich ou.
- Rete otantik, pa kopye egzakteman lòt moun.
- Teste diferan stil pou w wè sa ki bay pi bon rezilta.
- Rete regilye epi toujou amelyore.

*"Preparasyon se kle siksè sou TikTok."*
— KST PRIME

## OBJEKTIF CHAPIT SA A

- Prepare kontni pwofesyonèl
- Evite erè komen
- Ogmante chans pou videyo a viraj
- Devlope bon abitid anvan piblikasyon

CHAPIT 6

Konesans Se Pouvwa

# TCHEKE KALITE VIDEYO A

YON VIDEO DWE GEN BON KALITE AVAN OU POSTEL

Kalite videyo w la gen gwo enpak sou vizibilite li. Yon videyo ki klè, byen limyè, ak bon son, kenbe odyans lan pi lontan epi ogmante chans pou li viral.

*"Bon preparasyon bay gwo rezilta."*
**— KST PRIME**

## 1 ITILIZE YON BON LIMYÈ




- Itilize limyè natirèl oswa ring light
- Evite kote ki twò nwa
- Asire figi w klè
- Mete limyè devan w, pa dèyè w

## 2 ITILIZE YON BON KAMERA




- Videyo klè (HD oswa 4K)
- Netwaye lantiy kamera a
- Itilize kamera dèyè si posib
- Kenbe telefôn lan stab
- Itilize bon paramèt rezolisyon

## 3 TCHÈKE KADRAJ (FRAME) LA




- Mete w nan sant ekran an
- Pa koupe tèt ou
- Kenbe yon bon distans
- Itilize règ 3/3 pou kadraj la
- Evite twòp mouvman nan videyo a

## 4 ASIRE W GEN BON SON




- Pale klè e san bri
- Itilize mikwofôn si sa posib
- Evite kote ki gen twòp bri (lari, fanatik)
- Tcheke son an anvan w filme
- Asire volim la pa twò ba ni twò fô

## 5 ITILIZE YON TRÉPIED




- Kenbe telefôn lan stab
- Evite videyo ki souke
- Itilize trépied oswa sipò
- Sa fè videyo w la pwofesyonèl
- Ou ka itilize objè solid si pa gen trépied

## 6 VERIFIE AVAN W POSTE

**TI KONTWÒL AVAN POSTE**

- ☑ Videyo a klè
- ☑ Limyè a bon
- ☑ Son an bon
- ☑ Kadraj la byen ajiste
- ☑ Pa gen twòp bri
- ☑ Longè videyo a bon
- ☑ Kontni an respekte règ TikTok

*"Yon videyo byen prepare, se deja mwatye siksè a !"*
**— KST PRIME**

## KONSÈY ANPLIS

- Teste videyo a yon fwa anvan w poste.
- Gade li nèt pou wè si tout bagay anfòm.
- Si gen erè, koreje l avan w mete l.
- Yon bon preparasyon evite w pèdi tan.

*"Kalite se baz la, rès la se estrateji !"*
**— KST PRIME**

## N A SONJE

- Bon videyo = plis moun k ap gade
- Plis moun k ap gade = plis chans pou viral
- Preparasyon se kle siksè sou TikTok

CHAPIT 6

# EDITE VIDEYO A

## FÈ LI PI ATRAYAN E PI PWOFESYONÈL

> *"Yon bon edisyon ka fè yon videyo nòmal tounen yon videyo viral."*
> — KST PRIME

### 1 KOUPE SA KI PA ITIL




- Retire pati ki pa enpòtan
- Gade pou li kout e klè
- Kenbe sèlman sa ki gen valè

### 2 AJOUTE TÈKS AK TIT




- Mete tit klè e kout
- Itilize gwo lèt fasil pou li
- Mete koulè ki atire
- Pozisyone l nan bon plas

### 3 AJOUTE MIZIK NAN TREND




- Chwazi mizik ki nan tandans
- Veye volim (pa twò fò)
- Asire w son an klè

### 4 AJOUTE EFÈ AK FILTÈ (SI SA NESESE)




- Amelyore ekleraj
- Ajiste koulè yo
- Sèvi ak filtè ki natirèl
- Pa twòp efè (kenbe li senp)

### 5 AJOUTE SOUS-TIT (CAPTION)




- Mete sous-tit pou plis moun ka konprann
- Itil pou moun ki gade san son
- Ekri kout, klè, epi natirèl

### 6 VÈRIFYE EPI SOVE




- Sove nan bon rezolisyon
- Tcheke tout detay yo
- Asire w pa gen erè
- Pare pou poste

### BON KONSÈY

- Yon edisyon senp men pwòp vale pi plis pase yon edisyon twò chaje.
- Mete imajinasyon w, rete natirèl.
- Toujou panse: Èske videyo sa a ka kenbe moun jiska fen ?

> *"Pa bezwen fè l konplike, fè l entelijan !"*
> — KST PRIME

CHAPIT 6

# LAGE VIDEO A
## NAN BON MOMAN EPI SWIV REZILTA YO

*"Fè chak etap byen pou videyo ou a rive pi lontan !"*
— KST PRIME

### 1 OUVRI TIKTOK LA
Lanse aplikasyon TikTok la sou telefôn ou.




Peze ikòn TikTok la

### 2 PEZE BOUTON +
Nan pati anba ekran an, peze bouton "+" la pou kòmanse yon nouvo videyo.




Peze +

### 3 CHWAZI VIDEO A
Ou ka anrejistre yon nouvo videyo oswa chwazi yon videyo ki deja nan galri ou.




Chwazi videyo a epi peze Next

### 4 AJOUTE ENFÔMASYON
Ekri yon bon deskripsyon, mete hashtag, epi chwazi yon bon kouvèti (cover).




Ranpli enfòmasyon yo

### 5 AJISTE PARAMÈT YO
Chwazi ki moun ki ka gade videyo a, aktive oswa dezaktive kòmantè, Duet, Stitch elatriye.




Ajiste selon preferans ou

### 6 POSTE VIDEO A
Lè tout bagay pare, peze bouton "Post" la.




Peze Post

### 7 TCHEKE REZILTA YO
Apre kèk tan, ale nan TikTok Studio pou wè statistik videyo a.




Ale nan TikTok Studio > Analytics

### 8 ANALIZE EPI AMELYORE
Gade konbyen moun ki gade, ki kote yo soti, konbyen tan yo rete, epi sèvi ak done sa yo pou amelyore pwochen videyo ou yo.




Sèvi ak rezilta yo pou fè pi bon kontni toujou

### BON KONSÈY
- Toujou poste lè odyans ou pi aktif.
- Sèvi ak bom deskripsyon ak hashtag.
- Analize rezilta yo regilyèman pou w grandi pi vit.

*"Aksyon jodi a = pi gwo rezilta demen !"*
— KST PRIME

CHAPIT 6

# KONNEN LÈ ODYANS OU PI AKTIF

## POSTE NAN BON LÈ POU GEN PLIS VIEWS

*"Bon kontni nan bon lè bay gwo rezilta !"*

— KST PRIME

### 1 ALE NAN PROFIL OU




Ouvri TikTok la epi ale sou ikon "Profile" la.

### 2 ALE SOU TIKTOK STUDIO




Peze "TikTok Studio".

### 3 PEZE ANALYTICS




Peze "Analytics".

### 4 ALE NAN FOLLOWERS




Peze "Followers".

### 5 GADE LÈ YO PI AKTIF




Gade grafik la pou w wè ki lè odyans ou pi aktif.

### 6 POSTE NAN BON LÈ



Chwazi 2–3 tan ki pi bon yo pou poste videyo w ou fè LIVE.

**EGZANP TAN**

- ✅ 7:00 AM – 9:00 AM
- ✅ 12:00 PM – 2:00 PM
- ✅ 4:00 PM – 6:00 PM
- ✅ 8:00 PM – 11:00 PM

Poste regilyèman nan tan sa yo pou w jwenn plis moun.

## BON KONSÈY

- Tcheke done sa yo chak semèn.
- Teste diferan lè pou w wè sa ki mache pi byen pou ou.
- Kombine bon lè + bon kontni + bon hashtag.

*"Analize, ajiste, epi toujou avanse !"*

— KST PRIME

CHAPIT 7

KONPRANN, JWE AVÈK, EPI ITILIZE SISTÈM NAN POU W GRANDI

# KONPRANN ALGORITM TIKTOK LA

## KIJAN TIKTOK DESIDE KI VIDEO POU L MONTRE ?

> "Algoritm nan pa maji, se rezilta aksyon moun yo !"
>
> — KST PRIME

Lè ou poste yon videyo, TikTok teste li ak yon ti gwoup moun. Dapre kijan yo reyaji, sistèm nan deside si li ka montre videyo a bay plis moun.

**1 — OU POSTE VIDEO A**

Post

Ou pataje videyo a sou TikTok.

**2 — TIKTOK TESTE LI**

Li montre li bay yon ti gwoup moun anvan.

**3 — MOUN REYAJI**

Yo gade, like, komante, pataje, oswa gade jiska fen.

**4 — TIKTOK DESIDE**

Si rezilta yo bon, li montre videyo a bay plis moun.

## SIYAL KI PI ENPÒTAN YO

Men sa TikTok gade plis pou distribye videyo ou :

1. **Tan moun gade videyo a**
   Plis moun gade lontan, se pi bon.
2. **Moun ki gade l plis pase yon fwa**
   Si yo retounen gade, se yon bon siy.
3. **Like, komantè, pataj**
   Plis entèraksyon = plis distribisyon.
4. **Enterese odyans lan**
   TikTok gade si moun yo reyaji rapid apre yo wè li.
5. **Si videyo a kenbe moun yo**
   Ti to moun ki sote (swipe) = pi bon chans.

## EGZANP REZILTA

2 ka pou w konprann diferans lan

### BON REZILTA

Video analysis

Overview | Viewers | Engagement

| Video views | Likes | Comments | Shares |
|---|---|---|---|
| 125K | 12K | 320 | 1.2K |

| | |
|---|---|
| Average watch time | 12.4s |
| Watched full video | 28% |
| New followers | 1,050 |

Videyo a kenbe moun yo, gen anpil entèraksyon. TikTok ap montre li bay plis moun.

### FÈB REZILTA

Video analysis

Overview | Viewers | Engagement

| Video views | Likes | Comments | Shares |
|---|---|---|---|
| 1,200 | 45 | 3 | 2 |

| | |
|---|---|
| Average watch time | 2.1s |
| Watched full video | 4% |
| New followers | 0 |

Moun yo sote videyo a rapid. TikTok pa montre li bay plis moun. Ou dwe amelyore kòmansman videyo a.

## SA POU W SONJE

- Fè videyo ki kenbe atansyon depi premye segonn.
- Pale klè, dirèk e ale nan pwen an.
- Bay valè (edikasyon, amizman, solisyon).
- Fè moun renmen, komante, pataje.
- Teste plizyè kalite kontni epi repete sa k mache.

> "Plis moun rete gade, plis TikTok kwè videyo a enpòtan."
>
> — KST PRIME

CHAPIT 7

KONPRANN, JWE AVÈK, EPI ITILIZE SISTÈM NAN POU W GRANDI

# KIJAN POU ITILIZE ALGORITM LAN AN FAVÈ W?

> "Travay ak algoritm lan, pa kont li !"
> — KST PRIME

Kounye a ou konprann kijan algoritm lan mache. Nan paj sa a, w ap aprann kèk aksyon senp pou ogmante chans videyo ou ale pi lwen.

### 1 KÒMANSE AVÈK YON BON HOOK




Mete yon bagay ki enteresan, eskize oswa poze yon kesyon nan premye 3 segonn yo.

### 2 KENBE MOUN GADE LONTAN




Eseye fè videyo a klè, rapide, epi evite pati ki pa nesesè. Plis moun gade lontan, se pi bon pou distribisyon an.

### 3 FÈ MOUN ENTÈRAJI




Mande yon kesyon, mete yon opinyon, ankouraje moun komante, pataje oswa sove videyo a.

### 4 POSTE KONTNI KI GEN VALÈ




Kontni ki itil oswa ki bay valè fè moun rete plis, e TikTok renmen sa.

### 5 POSTE AVÈK REGILARITE



Pa nesesè poste anpil chak jou. Pi enpòtan se kenbe regilarite. 3 a 5 videyo pa semèn kapab bay bon rezilta.

### EGZANP BON HOOK




- Atire atansyon imedyatman
- Klè ak kout
- Bay kèkontansman
- Fè moun vle gade rès la

### EGZANP KI PA MACHE




- Pa enteresan
- Pa gen aksyon
- Pa gen valè klè
- Moun soti twò vit

### TIP KONTNI KI MACHE BYEN

- Tutorial / Kijan pou fè...
- Rezilta / Anvan – Apre
- Pwodwi oswa sèvis ou itilize
- Istwa pèsonèl (real life)
- Reyaksyon sou yon sijè ki la tande
- Konsèy rapid (1 minit)
- Divètisman / Challenge
- Kontni ki edike oswa enspire

### Pwen enpòtan pou sonje

1. Premye segonn yo deside si moun ap gade oswa non.
2. Plis entèraksyon = plis distribisyon.
3. Kontni ki gen valè dire pi lontan.
4. Regilarite ede kont ou grandi.
5. Analize rezilta yo epi repete sa ki mache.

> "Bon kontni + Pasjans = Gwo Rezilta !"
> — KST PRIME

CHAPIT 7

KONPRANN, JWE AVÈK, EPI ITILIZE SISTÈM NAN POU W GRANDI

# KREYE YON HOOK KI KENBE MOUN

## PREMYE SEGONN YO DESIDE TOUT BAGAY !

*"Si ou pa kenbe yo nan premye segonn, ou pèdi yo !"*
**— KST PRIME**

Hook se premye fraz, aksyon oswa imaj ou mete nan 1–3 segonn ki fè moun sispann, gade, epi vle kontinye.

### 1 KONNEN KI SA KI FÈ YON BON HOOK

- Atire atansyon imedyatman.
- Kreye kiryozite.
- Pale dirèkteman ak odyans lan.
- Montre yon rezilta oswa yon pwoblèm.
- Bay emosyon (sipriz, kesyon, defi, solisyon).
- Fè moun vle gade jiska fen.

### 2 FÒM HOOK KI FONKSYONE

| | |
|---|---|
| **Kesyon** | "Èske w te konn sa ?" |
| **Sipriz** | "Ou p ap kwè sa k rive m..." |
| **Fak / Enfòmasyon** | "Men yon bagay TikTok pa janm di w..." |
| **Pwomès rezilta** | "Nan videyo sa, map montre w..." |
| **Pwoblèm** | "Si w toujou fè sa, ou pèdi views..." |
| **Defi / Challenge** | "Ann teste si sa mache !" |

### 3 EGZANP HOOK NAN PLIZYÈ NICH

NICH TUTORIEL




Kesyon + Solisyon

NICH LAVI CHAK JOU




Sipriz + Eksperyans

NICH PWODWI




Rezilta + Benefis

NICH GAMING




Montre Rezilta

NICH AKTUALITE




Enfòmasyon + Kiryozite

### 4 FÒMIL SENP POU KREYE HOOK OU

**Atansyon** (Kesyon, sipriz, imaj fò) + **Valè** (Kisa moun ap jwenn ?) + **Kiryozite** (Bay ti mòso enfòmasyon) = **Yon bon Hook**

**Egzanp:** "Ou vle monetize TikTok ? Men 3 bagay ou dwe fè jodi a !"

### 5 BAGAY POU EVITE

- Kòmanse twò dousman.
- Pale twòp avan ou rive nan pwen an.
- Mete long entwo.
- Videyo flou oswa pa gen aksyon.
- Pale de bagay ki pa enterese odyans lan.

### AKSYON POU JODI A

- Ekri 5 ide hook pou nich ou.
- Fè yon videyo ak youn ladan yo.
- Gade rezilta a epi analize si li travay.
- Amelyore epi repete.

*"Yon bon Hook ka chanje tout jwèt la !"*
**— KST PRIME**

CHAPIT 8

ESTRATEJI POU FÈ KOMINOTE W GRANDI

# KIJAN POU FÈ PLIS ABÒNE ?

## TRANSFÒME MOUN K AP GADE YO AN ABÒNE

"Plis abòne
= Plis vizibilite
= Plis opòtinite !"

— KST PRIME

Gen moun ki gade videyo ou, men yo pa toujou abòne. Nan paj sa a, w ap aprann kisa pou fè pou plis moun abòne avèk ou, san fòse, ak metòd senp ki mache.

### 1 BAY YON REZON POU ABÒNE




Di klèman sa ou offri sou kont ou :

- Tutoriel
- Gaming
- Actualité
- Live battle
- Konsèy
- elatriye...

**Egzanp :**

"Si w renmen kontni sa, abòne pou pa rate pwochen videyo yo !"

### 2 ITILIZE YON BON HOOK




Lè ou kenbe moun jiska fen, gen plis chans pou yo abòne. Yon bon hook fè moun enterese epi yo vle wè plis kontni ou.

### 3 AJOUTE YON APÈL NATIRÈL




Pale ak odyans ou yon fason natirèl, san fòse :

**Egzanp fraz :**

- "Abòne pou patisipe nan pwochen live la."
- "Gen anpil kontni demen, pa bliye abòne."
- "Nou ap grandi ansanm, abòne a gratis !"

### 4 MONTRE VALÈ KONT OU




Moun abòne lè yo wè ou toujou poste kontni ki gen valè.

**Sa mache si :**

- Ou regilye
- Ou bay bon enfòmasyon
- Ou amize moun
- Ou gen yon stil pwòp ou
- Ou respekte odyans ou

### 5 ITILIZE PLAYLIST




Organize videyo ou an playlist pou nouvo moun ka jwenn tout kontni ou fasil. Sa ankouraje yo abòne pou wè plis.

### 6 FÈ VIDEO SERI




Lè ou fè yon seri videyo (Pati 1, 2, 3...), moun ap abòne pou pa rate pwochen pati a. Sa kreye atant e kenbe yo nan kominote w.

### BON KONSÈY

- Toujou bay bon jan kontni.
- Kenbe memn tèm (nich).
- Rete natirèl, pa spam "abòne".
- Reponn kòmantè yo.
- Fè live regilyèman.
- Kolabore ak lòt kreyatè.

"Yon abòne pa sèlman ogmante nimewo w, li vin fè pati vwayaj ou."

— KST PRIME

CHAPIT 8

ESTRATEJI POU FÈ KOMINOTE W GRANDI

# KIJAN POU KREYE YON KOMINOTE KI AKTIF ?

## FÈ MOUN KÒMANTE, PATISIPE, RETOUNEN

*"Kominote aktif se pi gwo fòs pou yon kreyatè !"*
— **KST PRIME**

Yon kominote aktif pa sèlman gade videyo ou, yo **KÒMANTÈ**, pataje, reponn, epi yo santi yo fè pati w. Nan paj sa a, w ap aprann kijan pou kreye entèraksyon reyèl ak kominote w.

### 1 POSE KESYON NAN VIDEO OU




Kesyon fè moun kòmantè epi pataje pwòp opinyon yo.

**Egzanp :**

- Ki vil ou ye ?
- Ki jwèt ou prefere ?
- Kisa ou panse ?
- Ki sijè ou vle mwen pale de pwochen ?

### 2 ITILIZE SONDAJ (POLL)




Sondaj pèmèt ou konnen sa kominote w renmen e li fè yo patisipe fasil.

### 3 FÈ DUET, STITCH, AK REPONS




Lè ou reponn kòmantè moun yo ak videyo, sa montre ou prezan e ou bay valè a kominote w.

### 4 LANSE DEFI (CHALLENGE)




Defi fè moun kreye kontni, tag ou, epi pote nouvo moun nan kominote w.

**Egzanp :**

- Mouvman dans
- Challenge jwèt
- Reaksyon sou yon sijè
- Imitasyon oswa kreyativite

### 5 BAY REKONPANS



Rekonpans motive moun pou yo kòmantè, pataje e patisipe plis.

**Egzanp :**

- Bay shoutout
- Chwazi kòmantè pou li live
- Mini kado (TikTok gift)
- Mete non yo nan video ou

### 6 KREYE YON RITYÈL




**Fè yon randevou fiks ak kominote w :**

- Live chak jou oswa chak semèn
- Seri videyo (Pati 1, 2, 3...)
- Kesyon/répons
- Jeu ak fanatik
- Diskisyon sou aktualité ou gaming

Lè moun konnen w toujou la, yo retounen regilyèman.

### KONSÈY ENPÒTAN

- Li tout kòmantè (oswa omwen reponn kèk).
- Acknowledge fanatik ou yo.
- Pale ak yo ak respè.
- Mete yo nan videyo ou.
- Kreye yon espas kote yo santi yo alèz.
- Rete natirèl, pa fòse entèraksyon.

### REZILTA OU PRAL WÈ

- Plis kòmantè sou videyo ou.
- Plis pataj.
- Plis moun ki retounen gade kontni ou.
- Plis abòne natirèl.
- Yon kominote ki sipòte ou.
- Pi bon vizibilite pou kontni ou.

*"Kominote a se famiy ou sou TikTok. Pran swen yo, yo ap fè w grandi !"* — **KST PRIME**

CHAPIT 8

ESTRATEJI POU FÈ KOMINOTE W GRANDI



# KIJAN POU FÈ MOUN REKONÈT OU ?

## KREYE YON IDANTITE FÒ KI FÈ W INIK

> "Yon bon idantite fè moun rekonèt ou menm san yo pa gade non kont lan."
>
> — KST PRIME

Lè moun wè videyo ou, yo dwe ka di imedyatman : "Sa se **KST PRIME** !"
Se sa ki rele yon idantite kreyatè. Li fè w diferan, li fè moun sonje w, epi li ede w grandi pi vit.

### 1 GEN YON STIL VIZYÈL PA W

Itilize menm koulè, font, logo, ak stil sou tout videyo w.

- Itilize logo w (KST PRIME)
- Mete menm koulè (egzanp : nwa, blan, wouj)
- Mete non w sou videyo yo
- Itilize menm font ak menm stil grafik
- Kreye yon modèl (template) epi repete l

**Egzanp :**

KST PRIME

Koulè ofisyèl mwen

### 2 GEN YON FASON PA W POU PALE

Moun rekonèt ou ak vwa w, ekspresyon w, ak fason w prezante kontni an.

- Itilize menm entwo (fraz ou toujou di)
- Pale ak menm enèji
- Itilize kèk mo ou toujou di (egzanp : "Fanatik mwen yo", "Team Tèt Rouge", "Se KST PRIME la ! ")
- Rete natirèl, pa chanje twòp
- Montre pèsonalite w

**Egzanp entwo :**

"Yo fanatik mwen yo !
Se **KST PRIME** la !"
Ann ale !"

### 3 GEN YON ELEMAN FIKS NAN VIDEYO W

Mete yon bagay moun toujou wè epi ki vin tounen siyati w.

- Logo w sou ekran an
- Mizik oswa son ou toujou itilize
- Yon jès espesyal (egzanp : men w, siyati w)
- Yon background konstan (studio, limyè, drapo, elatriye)
- Yon fraz final ou toujou di

**Egzanp jès :**



Lè moun wè jès sa a, yo konnen se **KST PRIME** !

### 4 KENBE YON STYLE KONTNI KI KLÈ

Chwazi 2-4 kategori prensipal epi toujou poste kontni nan menm direksyon an.

GAMING · AKTUALITÉ · KONSÈY · PRODUIT · MIZIK · LAVI PÈSONÈL

Moun nan niche ou a ap vin abitye ak sa, yo pral rekonèt ou ak kalite kontni sa yo.

### 5 TOUJOU KENBE MENM PREZANTASYON

Fè videyo w yo pwòp, klè, pwofesyonèl.

- Bon limyè
- Bon kalite son
- Kadray ki pwòp
- Montaj ki menm stil
- Sous-titres (tèks sou ekran)
- Itilize menm pozisyon logo a




**Yon prezantasyon pwofesyonèl fè w pi fasil pou rekonèt.**

### 6 MENM IDANTITE, MEN VIDEYO DIFERAN

Men 3 egzanp videyo diferan, men moun ka rekonèt se menm kreyatè a.




KONSÈY · GAMING · PRODUIT

Menm koulè, memm logo, memm stil tèks, memm enèji = Moun rekonèt ou !

### KONSÈY ANPLIS

- Rete konsistan sou tout platfòm ou yo (TikTok, YouTube, Instagram).
- Kreye yon slogan pa w (egzanp : "Kontni ki bay valè ! ").
- Itilize menm foto profil ak banner.
- Mete non w nan videyo yo.
- Pa chanje stil ou twòp.
- Fè kalite kontni ki reflete verite w.
- Rete senp, otantik, epi diferan.

### REZILTA LÈ YO REKONÈT OU

- Moun sonje w pi fasil.
- Yo chèche kontni ou.
- Yo vin pi fidèl.
- Ou grandi pi vit.
- Ou kreye yon mak pèsonèl ki gen valè.

> "Idantite w se paspò w pou siksè !"
>
> — KST PRIME

CHAPIT 9

KENBE ODYANS OU



# FÈ MOUN RETE GADE VIDEYO W PI LONTAN

## KONSTRI YON VIDEYO KI KENBE ATANSYON

> "Pa fè yon videyo pou moun sèlman wè li, fè yon videyo pou yo pa vle sote li !"
>
> — KST PRIME

Plis moun rete gade videyo w, se plis TikTok la distribye l. Retansyon (watch time) se youn nan **pi gwo faktè pou** ale viral. Nan paj sa a, w ap aprann kijan pou konstwi videyo w etap pa etap pou kenbe moun jiska fen.

## 1 ESTRIKTI YON VIDEYO 30 SEGONN

| 0 – 3s<br>HOOK<br>Atire atansyon | → | 3 – 10s<br>DEVELOPPEMAN<br>Bay valè | → | 10 – 25s<br>KONTNI PRINCIPAL<br>Montre / Demontre | → | 25 – 30s<br>KONKLIZYON<br>Ak aksyon |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Yon fraz fò, yon kesyon, yon imaj kap chòke oswa yon rezilta. | | Eksplike rapidman sijè a. Pa pèdi tan. Ale dirèk nan pati enpòtan an. | | Bay detay, montre etap, mete egzanp, itilize tèks sou ekran. | | Fè yon rezime rapid epi bay yon pwomès pou pwochen videyo a. |

## 2 EGZANP PRATIK : 30 SEGONN AVEK KST PRIME



Hook kap atire atansyon.



Mwen pral ba ou 3 bagay enpòtan...



Ou dwe atrape moun a 3 premye segonn yo...



Poste sou yon baz regilye epi kenbe memm nich ou...



Rezime + aksyon final.

## 3 KONSÈY POU OGMANTE RETANSYON

- ✓ Ale dirèk nan sijè a (pa fè long entwo).
- ✓ Itilize tèks sou ekran pou kenbe atansyon.
- ✓ Chanje plan (ang, zoom, imaj) regilyèman.
- ✓ Itilize egzanp vizyèl (montre, pa sèlman pale).
- ✓ Kenbe yon ritm rapid (pa kite tan vid).
- ✓ Mete son ki adapte ak kontni an.
- ✓ Kite moun ak yon kesyon oswa swit nan fen an.
- ✓ Fè videyo kout (15–30 segonn) men ki gen anpil valè.

## 4 SA POU EVITE

- ✗ Pale twò lontan anvan sijè a.
- ✗ Entwo ki pa gen rapò.
- ✗ Videyo twò long san valè.
- ✗ Rete nan memm plan san chanje anyen.
- ✗ Bay twòp enfòmasyon san montaj.
- ✗ Mete mizik ki pa anfòm.
- ✗ Fini videyo a bridsoukou.
- ✗ Pa bay okenn rezon pou moun rete gade jiska fen.

## 5 REZILTA W AP JWENN

- ✓ Plis moun rete gade.
- ✓ Plis pataj.
- ✓ Plis vizibilite sou "For You".
- ✓ Plis abòne natirèl.
- ✓ Pi bon chans pou ale viral.
- ✓ Plis opòtinite monetizasyon.

> "Yon videyo byen konstwi ka chanje tout bagay pou kont ou."
>
> — KST PRIME

CHAPIT 9 — KENBE ODYANS OU



# EVITE MOUN SOTE VIDEYO W

## SA K FÈ MOUN SOTE + KIJAN POU KORIJE LI

*"Kenbe atansyon yo, se la ou genyen opòtinite a !"*

**— KST PRIME**

Sou TikTok, ou gen sèlman kèk segonn pou kenbe moun. Si ou **fè erè** sa yo, moun ap **sote videyo w rapid**. Nan paj sa a, w ap wè **egzanp move videyo vs bon videyo**, avec **solisyon** pratik pou evite yo sote.

### 1 TWÒP PALE ANVAN SIJÈ A

✗ MOVE EGZANP




Moun sote paske sijè a pran twòp tan vini.

✓ BON EGZANP




Kòmanse dirèkteman ak sijè a.

SOLISYON : Mete sijè a nan premye 1–3 segonn.

### 2 TAN VID / RITM TWÒ DOUSMAN

✗ MOVE EGZANP




Gen twòp poz, pa gen aksiyon, li twò dousman.

✓ BON EGZANP




Ritm rapid, pa gen tan vid, toujou gen aksiyon.

SOLISYON : Kout montaj, retire tan vid, kenbe ritm dinamik.

### 3 VIDEYO TWÒ LONG SAN VALÈ

✗ MOVE EGZANP




Moun sote paske li twò long san okenn rezilta.

✓ BON EGZANP




Videyo kout, klè, ak rezilta rapid.

SOLISYON : Rete ant 15–40 segonn epi bay yon benefis klè.

### 4 ENFÒMASYON PA KLÈ

✗ MOVE EGZANP




Imaj flou, son pa klè, pa gen tèks.

✓ BON EGZANP




Bon limyè, bon son, tèks ki fasil pou li.

SOLISYON : Itilize bon ekleraj, mikwo, epi mete tèks sou ekran.

### 5 PA BAY REZON POU YO RETE

✗ MOVE EGZANP




Pa gen kwòzite, pa gen rezilta, moun sote.

✓ BON EGZANP




Kreye kwòzite + bay yon rezilta nan fen.

SOLISYON : Itilize fraz ki kreye kwòzite (egzanp: "Rete jiska fen !").

### 6 MONTAJ / VISYÈL PA ATIRAN

✗ MOVE EGZANP




Videyo san efè, san tèks, twò senp.

✓ BON EGZANP




Montaj dinamik, tèks, efè, imaj ki atire.

SOLISYON : Ajoute tèks, efè vizyèl, chajman sèn, ak mizik ki mache.

### ✗ BAGAY POU EVITE

- Pale twò lontan anvan sijè a.
- Videyo twò long san rezilta.
- Imaj flou oswa son pa klè.
- Pa gen tèks sou ekran.
- Rete nan menm plan tout videyo a.
- Pa bay okenn rezon pou moun rete.
- Mete mizik ki pa mache.

### ✓ BAGAY POU FÈ

- Kòmanse ak yon bon hook.
- Rete kout, klè, epi presi.
- Itilize bon limyè ak bon son.
- Mete tèks klè sou ekran.
- Chanje plan / ang kamera.
- Kreye kwòzite epi bay rezilta.
- Itilize mizik ki popilè.
- Kenbe montaj dinamik.

### KONSÈY ANPLIS

- Gade videyo w anvan w poste.
- Mande tèt ou : "Èske m ta rete gade videyo sa a ?"
- Teste diferan vèsyon (A/B).
- Swiv analiz (watch time, retention).
- Amelyore toujou.

*"Yon bon videyo pa fè yo sote, li fè yo rete, kòmante, epi pataje !"*

**— KST PRIME**

CHAPIT 9

KENBE ODYANS OU



# BAGAY POU FÈ POU RETE VIRAL

## AKSYON KONKRE CHAK JOU POU KENBE MOMANTÒM OU

"Disiplin jodi a se gwo rezilta demen!"
— KST PRIME

Rete viral se pa chans, se estrateji + disiplin. Nan paj sa a, w ap jwenn bagay pratik pou fè chak jou pou kenbe kont ou aktif, enteresan, epi toujou nan rad tèm.

### 1 KONEKTE AK LÒT TIKTOKER



- Fè kolaborasyon (video ansanm)
- Fè Duet ak moun ki nan menm nich la
- Patisipe nan Live ansanm
- Sipòte yo (like, kòmantè, pataje)
- Kreye relasyon reyèl (pa sèlman pou pwofite)

Egzanp :
"Jodi a m fè yon Duet ak @jonas pou n pale de ..."

### 2 TOUJOU BAT POU PATISIPE




- Patisipe nan challenge TikTok yo
- Antre nan konpetisyon, League, Live event
- Pa rate okazyon (kanpay, jwet, tès nouvo fonksyon)
- Toujou pare, kenbe notifikasyon yo
- Mete objèktif pou chak semèn

Egzanp :
"M patisipe nan #PigeonDance Challenge jodi a!"

### 3 NAN SAK AP FÈ AKTYALITE




- Swiv sa k ap fè aktyalite yo (nouvèl, mizik, espò, jwet, elatriye)
- Fè videyo rapid sou tèm nan
- Bay pwòp opinyon w oswa analiz
- Sèvi ak son ak hashtag ki nan tandans
- Pale de evènman mondyal ak lokal

Egzanp :
"Men sa m panse de nouvèl sa ..."

### 4 KREYE NOUVO BAGAY CHAK JOU



- Pa repete menm kalite videyo yo
- Teste nouvo ide, nouvo fòma
- Itilize AI, efè, edit kreatif
- Chanje stil, kote, ang, prezantasyon
- Surprann odyans ou

Egzanp :
"Jodi a m teste yon nouvo seri videyo : 1 ide = 1 minit !"

### 5 BAY VALÈ OSWA AMIZMAN TOUJOU




- Ede moun aprann yon bagay
- Fè yo ri, reflechi, oswa enspire
- Pale ak langaj senp ak natirèl
- Fè kontni ki itil pou nich ou
- Toujou kenbe bon kalite videyo

### 6 KENBE YON PWOGRAM REGILYÈ




- Poste omwen 1–3 videyo pa jou
- Fè yon kalandriye kontni
- Mete èdtan fiks pou poste
- Analize ki lè videyo w fè pi bon rezilta
- Pa disparèt (kontni regilye kenbe moun angaje)

### 7 INTERAJI AVEK ODYANS OU




- Reponn mesaj yo
- Like kòmantè yo
- Mande opinyon yo
- Fè yo santi yo enpòtan
- Kreye yon kominote solid otou kontni ou

### 8 ANALIZE EPI AMELYORE TOUJOU



- Gade ki videyo ki fè plis views
- Idantifye sa k mache
- Korije sa k pa mache
- Teste nouvo estrateji
- Rete ouvè a chanjman
- Mete objèktif pi wo chak mwa

### PLAN AKSYON CHAK JOU

1. Swiv tandans jodi a.
2. Panse a yon nouvo ide.
3. Kreye plant videyo a.
4. Filmaj + edit + poste.
5. Interaji ak odyans lan.
6. Konekte ak omwen 1 lòt kreyatè.
7. Prepare pou pwochen videyo a.

### RAPÈL ENPÒTAN

- Rete aktif.
- Rete kreatif.
- Rete konekte.
- Rete enspire.
- Rete konsistan.
- Rete ou menm.
- Rete nan mouvman.
- Rete viral !

### REZILTA W AP JWENN

- Plis vizibilite.
- Plis abòne.
- Plis opòtinite (kanpay, kolaborasyon).
- Plis revni.
- Yon kominote ki fidèl.
- Yon mak pèsonèl ki fò.
- Rete nan jwèt la sou long tèm.
- Fè rèv ou rive !

*"Fè sak pa lòt yo, men fè li pi byen, ak pwòp style pa w !"*
— KST PRIME

# POUKISA VIEWS OU KA BESE ?

## KONNEN REZON YO POU W KA JIJE PI BYEN

*"Konnen pwoblèm nan se premye pa pou jwenn solisyon an !"*
**— KST PRIME**

Lè views yo bese, sa pa toujou vle di ou gen gwo pwoblèm. Gen plizyè rezon ki ka esplike sa. Nan paj sa a, n ap gade prensipal rezon yo pou w ka konprann sa k ap pase.

### 1 KONTNI AN PA ENTERESE ODYANS LAN ANKÒ




Si kontni w yo pa pote nouvo bagay, moun yo pa kòmanse gade oswa yo sote.

**Egzanp :** Ou toujou poste nemm tip videyo.

### 2 MOUN YO PA RETE GADE VIDEYO W




Si anpil moun soti nan videyo a bonè, TikTok pa pouse li. Retansyon se yon gwo faktè.

**Egzanp :** Moun yo gade 2 segonn epi yo sote.

### 3 SIJÈ YO PA MACHE KOUNYE A




Gen sijè ki mache anpil nan yon peryòd, aprè yo ka vin mwens popilè.

**Egzanp :** Ou poste sou yon sijè ki pa nan tandans kounye a.

### 4 KONTNI REPETITIF



Si ou poste memm bagay la twò souvan, algoritm lan konsidere sa kòm spam oswa mank kreyativite.

**Egzanp :** 10 videyo memm stil nan yon semèn.

### 5 PI BA ANGAJMAN




Lè gen mwens like, kòmantè, pataj ak save, TikTok pouse videyo a mwens.

**Egzanp :** Videyo w yo pa kreye diskisyon oswa emosyon.

### 6 CHANJMAN NAN ALGORITM LAN



TikTok toujou ap fè mizajou. Sa ka chanje fason yo distribye kontni yo (ki opòtinite pou nouvo kreyatè tou).

**Egzanp :** Yon mizajou ka bay plis chans ak yon lòt kalite kontni.

### 7 RESTRIKSYON OU PWOBLÈM SOU KONTNI




Si yon videyo vyole règ yo oswa resevwa anpil rapò, TikTok ka limite distribisyon li a sa ka afekte lòt videyo yo.

**Egzanp :** Yon videyo gen "Limited reach".

### 8 PLIS KONPETISYON




Gen anpil kreyatè k ap poste chak jou. Ou dwe fè plis efò pou videyo w la soti nan foul la.

**Egzanp :** Plis moun ap fè memm kalite kontni ak ou.

### BAGAY POU SONJE

- Yon bès views pa vle di ou fini.
- Sa rive nan tout kreyatè, menm gwo yo.
- Analize, aprann, ajiste, epi kontinye.
- Chak peryòd gen nouvo opòtinite.
- Pa konpare tèt ou ak lòt moun.
- Konsantre sou pwogrè pa w.

### SA OU DWE EVITE

- Pa panike.
- Pa efase tout videyo w.
- Pa sispann poste nèt.
- Pa poste kontni ki vyole règ yo.
- Pa achte views (li danjere).
- Pa fè memm bagay la san chanjman.

### REZILTA LÈ OU KONPRANN REZON YO

- Ou ka pran bon desizyon.
- Ou ka amelyore kalite kontni w.
- Ou ka tounen jwenn odyans ou.
- Ou ka kreye pi bon opòtinite pou grandi.
- Ou ka kenbe kont ou an sante.
- Ou ka retounen nan bon nivo views.

*"Yon bès views se pa yon blokaj, se yon mesaj pou w amelyore !"*
**— KST PRIME**

# ETAP PA ETAP : VERIFIE ETA KONT OU

*Fè memm etap sa yo sou telefòn ou kounye a pou w wè rezilta a !*

**— KST PRIME**

## SUIV ETAP SA YO SOU TELEFÒN OU !

Men kijan pou w tcheke si gen restriksyon oswa pwoblèm sou kont TikTok ou.

### 1 LOUVRI TIKTOK



Peze sou aplikasyon TikTok la pou ouvri li.

### 2 ALE SOU PROFILE




Peze sou "Profile" anba adwat.

### 3 PEZE MENI AN ≡




Peze 3 liy yo ≡ anlè adwat.

### 4 CHWAZI "SETTINGS AND PRIVACY"




Desann epi peze sou "Settings and privacy".

### 5 ALE SOU "HELP CENTER"




Desann jouk nan "Support & About" epi peze sou "Help Center".

### 6 PEZE SOU "SAFETY CENTER"




Peze sou "Safety Center".

### 7 CHWAZI "ACCOUNT STATUS"




Peze sou "Account status" pou wè eta kont ou.

### 8 TCHEKE REZILTA A




✔ Si w wè mesaj sa a, kont ou an bon eta.

! Si gen yon pwoblèm, y ap montre li isit la ak detay la.

## KONSÈY ENPÒTAN :

- Tcheke eta kont ou regilyèman.
- Si gen yon vyolasyon, li parèt isit la.
- Si ou panse se yon erè, ou ka fè apèl dirèkteman nan memm seksyon an.
- Kenbe kont ou pwòp pou evite restriksyon.

*"Yon kont ki an sekirite, se premye pa pou w rete viral !"*

**— KST PRIME**

# PLAN PRATIK POU RELANSE PAJ OU

> "Aksyon jodi a pi fò pase esperans demen!"
> — KST PRIME

## FÈ AKSYON SA YO KOUNYA PANDAN W AP LI !

Men yon plan senp 7 etap pou w reprann views, ogmante angajman epi retounen viral.
Swiv chak etap la youn apre lòt sou telefòn ou.

### 1 GADE VIDEYO KI TE MACHE YO

W ap chèche sa odyans ou renmen.




- Ale sou TikTok Studio
- Peze "Analytics"
- Gade videyo ki gen plis views
- Remake sijè, longè, style, ekri yo nan yon nòt

### 2 ANALIZE ODYANS OU

Konnen kiyès ki gade w pou kreye kontni ki adapte.




- Ale sou "Followers"
- Gade laj, sèks, peyi yo
- Ekri 3 gwo enfòmasyon sou odyans ou
- Itilize sa pou adapte kontni w

### 3 JWENN NOUVO LIDE

Sèvi ak sa k ap fè aktyalite epi explore.




- Ale sou "Explore"
- Gade sa ki nan "Trending"
- Chwazi 3 sijè ki mache ki bon pou nich ou
- Ekri lide pou videyo ou

### 4 KREYE EPI POSTE YON NOUVO VIDEYO KOUNYA

Mete tout sa w aprann lan an pratik.




- Peze bouton "+"
- Chwazi 15s–60s
- Sèvi ak yon bon hook (premye 2 segonn yo enpòtan)
- Poste li kounya!

### 5 AJOUTE BON HASHTAG AK DESKRIPSYON

Sa ede videyo a rive nan plis moun.




- Ekri yon deskripsyon klè
- Mete 3 a 5 hashtag ki gen rapò
- Ajoute yon kouvèti atiran
- Poste li

### 6 ENTEREJI AK KOMINOTE A

Pi plis angajman = plis views.




- Reponn kòmantè yo
- Mande kesyon
- Like epi vizite pwofil moun ki komante
- Kreye yon relasyon ak odyans ou

### 7 SUIVI REZILTA YO AK AJISTE

Tcheke si sa w ap fè a mache epi kontinye.




- Tcheke views, watch time, like, pataj
- Si li mache, fè plis sou menm sijè a
- Si li pa mache, chanje tit, kouvèti, oswa eseye yon lòt fòma
- Repete etap 3 a 7 chak jou

### CHECKLIST RAPID (FÈ KOUNYA)

- Mwen verifye kont mwen an.
- Mwen analize videyo ki mache yo.
- Mwen chwazi 3 nouvo lide.
- Mwen poste yon nouvo videyo.
- Mwen reponn kòmantè yo.
- Mwen tcheke rezilta yo.
- Mwen repete demen.

### DEFI 7 JOU

Fè omwen 1 bon videyo chak jou pandan 7 jou epi obsève rezilta ou!

Jou 1 ✓ · Jou 2 ✓ · Jou 3 ✓ · Jou 4 ✓ · Jou 5 ✓ · Jou 6 ✓ · Jou 7 ✓

### SONJE TOUJOU

- Pa ezite teste nouvo bagay.
- Rete konsistan.
- Kolabore ak lòt créateur.
- Toujou bay bon kalite kontni.
- Sèvi ak sa k ap fè aktyalite a.
- Pa lage, rezilta yo pran tan.
- Aksyon + Konsistans = Rezilta !

CHAPIT 11 — TRANSFÒME VIZIBILITE OU AN OPÒTINITE



# KIJAN POU JWENN KOLABORASYON, MAK AK KONTRA SOU TIKTOK

**ETAP PA ETAP POU PREZANTE TÈT OU KOM YON KREYATÈ PROFESYONÈL**

> "Opòtinite pa vini chèche ou, ou kreye li!"
> — KST PRIME

Lè ou gen bon kontni ak kèk vizibilite, ou ka fè patenarya ak mak, aplikasyon, jwèt, TikTok Shop, epi jwenn kontra ki peye w. Swiv etap sa yo pou mete tout bagay an plas.

## 1 PROFESYONALIZE PROFIL OU




- Mete yon foto pwofesyonèl.
- Ekri yon bio klè (ki sa w fè).
- Mete imèl biznis ou.
- Mete yon link (Linktree, Beacons, elatriye).
- Mete lokasyon ou.

## 2 AKTIVE ZOUTI KREYATÈ YO




- Ale nan ≡ > Settings and privacy.
- Peze "Creator tools".
- Asire w ke kont ou se Creator Account.
- Aktive tout opsyon ki itil (pou kolaborasyon, TikTok Shop, Rewards, elatriye).

## 3 PREPARE MEDIA KIT OU (DOSYE KREYATÈ)




- Kreye yon dosye senp (PDF).
- Mete foto, estatistik, nich ou.
- Montre kèk egzanp kontni ou.
- Ekri kijan mak ka travay ave w.
- Mete kontak ou (imèl, WhatsApp).

## 4 CHACHE ORÒTINITE YO




- Itilize rechèch TikTok la.
- Chèche paj ofisyèl mak yo.
- Swiv yo epi aktif ak kontni yo.
- Gade videyo yo pou konnen ki kalite kreyatè yo chwazi.
- Fè menm jan an sou Instagram, YouTube ak X.

## 5 VOYE YON MESAJ PWOFESYONÈL




- Rete poli e pwofesyonèl.
- Pale kout, klè, dirèk.
- Mete link media kit ou.
- Di ki kalite kolaborasyon ou enterese.
- Swiv mesaj la (follow up apre 5–7 jou).

## 6 REJOINT PLATFÒM KOLABORASYON

- **TikTok Creator Marketplace** — creatormarketplace.tiktok.com
- **TikTok Shop Affiliate** — seller.tiktok.com
- **Aspire** — aspireiq.com
- **Collabstr** — collabstr.com
- **Fiverr** — fiverr.com
- **Upwork** — upwork.com

- Kreye yon kont sou platfòm yo.
- Ranpli profil ou.
- Mete estatistik ak nich ou.
- Aplike pou kanpay ki koresponn ak kontni ou.
- Rete aktif e reponn rapid.

## 7 NEGOSYE EPI FÈ KONTRA A

- Tarif (ki kantite w ap peye)
- Kalite kontni (video, live, post, story, elatriye)
- Dire kanpay la
- Kondisyon (sa pou w fè)
- Dwa pou itilize kontni ou
- Metòd peman (PayPal, bank, elatriye)

- Li tout detay yo.
- Negosye pri a si sa nesesè.
- Mande yon kontra ekri.
- Pa poste avan ou dakò nèt.
- Kenbe tout kontak yo.

## 8 LIVRE KONTNI EPI BATI RELASYON

**Campaign Completed!**
Great job! Keep creating.

- Kreye kontni selon sa yo mande a.
- Livre li nan bon lè.
- Kenbe bon jan kalite.
- Rete an kontak apre kanpay la.
- Sa ka mennen lòt kontra.

> "Yon bon kolaborasyon jodi a ka chanje lavi ou demen."
> — KST PRIME

PAJ 41

## BONIS : TUTORYÈL PAS A PAS

# KIJAN POU METE YON VIDEO AKTYALITE SOU TÈT OU EPI BAY OPINYON W

**2 METÒD FASIL : SOU TIKTOK MENM OU AK CAPCUT**

*"Men sa w bezwen fè pou kreye kontni aktyalite pwofesyonèl ak enteresan !"*
— KST PRIME

## METÒD 1 : SOU TIKTOK (SI VIDEYO A PÈMÈT DUET/STITCH)

PI FASIL • PI RAPID

### 1 JWENN VIDEO AKTYALITE A




Chwazi yon video aktyalite enteresan.

### 2 PEZE SHARE EPI CHWAZI DUET




Peze **"Share"** epi chwazi **"Duet"**.

### 3 CHWAZI LAYOUT VIDEO ANWO + OU ANBA




Peze **"Layout"** epi chwazi fòma ki mete video a anlè epi ou anba.

### 4 ANREJISTRE OPINYON W




Peze bouton wouj la epi komanse pale pandan video aktyalite a jwe.

### 5 EDITE EPI POSTE




Koupe pati ki pa nesesè, ajoute tèks si w vle, epi peze **"Next"** pou poste.

✅ AVANTAJ : RAPID, PA BEZWEN LÒT APP, EPI LI KENBE VIDEO ORIJINAL LA NAN KONTÈKS LI.

⚠️ REMAK : SI OPSYON "DUET" PA PARÈT, SA VLE DI PWOPRIYETÈ A PA PÈMÈT LI.

## METÒD 2 : AVÈK CAPCUT (TRAVAY AK NENPÒT VIDEO)

PLIS KONTWÒL • PI PRO

### 1 PRAN VIDEO A SAN LOGO TIKTOK




Telechaje video a san logo TikTok (sèvi ak yon zouti san watermark oswa sous ofisyèl). Koupe sèlman pati ou bezwen.

### 2 OUVRI CAPCUT NOUVO PROJÈ




Louvri CapCut epi peze **"New project"**.

### 3 AJOUTE VIDEO OU




Mete video w ap pale a sou timeline la. Apre sa, peze **"Overlay"**.

### 4 METE VIDEO AKTYALITE A




Peze **"Add overlay"**, chwazi video aktyalite a, redwi gwosè li epi mete li anlè tèt ou.

### 5 AJISTE EPI EKSPÒTE




Ajiste pozisyon, longè, ajoute tèks/sous, apre sa peze **"Export"** epi poste sou TikTok.

### KONSÈY POU YON BON VIDEO AKTYALITE

- ✅ Toujou verifye enfòmasyon an avan w pale.
- ✅ Pale ak respè, bay opinyon pèsonèl ou.
- ✅ Mete sous la sou ekran (si sa nesesè).
- ✅ Pa twonpe moun ak tit fo.
- ✅ Pale klè, kout, epi ale dirèk nan pwen an.
- ✅ Ajoute yon kesyon pou angaje odyans lan.

### EGZANP FÒMA FINAL LA




### ERÈ POU EVITE

- ❌ Pa itilize video ak logo TikTok la.
- ❌ Pa pran tout video a san ajoute valè pa w.
- ❌ Pa bay fo enfòmasyon.
- ❌ Pa mete mizik ki kache vwa w.
- ❌ Pa mete tit twonpe moun.
- ❌ Pa vyole dwa otè (copyright).

*"Aktualite byen prezante kapab fè w vin gwo sou TikTok !"*
— KST PRIME

PAJ 42

DEMONSTRASYON

# KIJAN POU TAPE CREATOR SEARCH INSIGHTS NAN BAR DE RECHERCHE TIKTOK LA

*"Jwenn sa moun ap chèche, epi kreye kontni ki ka vin viral !"*
— KST PRIME

## GADE EGZAKTEMAN KIJAN LI PARÈT SOU TIKTOK




1. Louvri aplikasyon TikTok la sou telefòn ou.
2. Peze ikòn rechèch la ki anwo sou bò dwat la.
3. Tape egzakteman : **creator search insights** nan bar rechèch la.
4. Chwazi "**Creator Search Insights**" epi peze "**View**".
5. Ou antre nan zouti a. Isit la ou ka wè sijè ki gen gwo potansyèl.

## EGZANP SIJÈ KI AP MONTE




**98.7K** moun te chèche sijè sa a e li monte **+1000%.**
Sa vle di se yon gwo opòtinite!

**4.25M** moun te chèche sijè sa a e li monte **+192.7%.**
Sa montre li trè popilè.

**48.0K** moun te chèche sijè sa a e li monte **+1000%+**
Ou ka kreye kontni sou li tou.

### SA ZOUTI SA EDE W FÈ

- Jwenn sa moun ap chèche sou TikTok.
- Wè avantaj pousantaj (ki sijè ap monte).
- Chwazi sijè ki ka pote plis views.
- Jwenn nouvo ide pou kreye kontni.
- Ede w planifye videyo w pi byen.

### KONSÈY

- Chwazi sijè ki gen gwo pousantaj.
- Fè videyo kout e klè.
- Ajoute tèks sou ekran.
- Bay pwòp opinyon ou.
- Sèvi ak sijè ki koresponn ak nich ou.
- Suiv tandans yo chak jou.

### OBJEKTIF LA

**Sèvi ak Creator Search Insights pou jwenn bon ide, kreye kontni kalite, epi fè videyo ki gen plis chans pou rive viral !**

STRATEJI ENTELIJAN

# CHWAZI YON MOUN KI VIRAL KOM MODEL

## SIW TA RENMEN VIRAL, POU REPRODWI SA L FÈ YO

## AK IDE PAW

SAN POSTE VIDEO MOUN LAN SOU PAJ OU !

*"Enspire, Reprodwi, Amelyore, Kreye pwòp vèsyon pa w !"*
— KST PRIME

### 1 CHWAZI YON KREYATÈ KI VIRAL




Gade kont li, verifye ki kalite kontni ki fè l vin viral.

### 2 ANALIZE KONTNI LI




Gade videyo ki gen plis views, obsève sijè, foma, style, fason li pale, longè, efè li utlize, elatriye.

### 3 IDANTIFYE SA K AP FÈ L VIRAL

- ✅ Sijè videyo yo
- ✅ Hook li utlize
- ✅ Fason li pale
- ✅ Teks sou ekran
- ✅ Mizik li utlize
- ✅ Longè videyo yo
- ✅ Kilè li poste
- ✅ Ki reyaksyon li bay
- ✅ Ki kalite audience li vize

Ekri tout sa ou remake.

### 4 KREYE PWÒP VÈSYON PA W




Sèvi ak menm prensip yo men mete pwòp ide pa w, pwòp eksperyans ou, pwòp style ou.

### 5 POSTE VIDEO PA W




Poste video orijinal pa w. ki enspire de sa w te aprann nan analiz la.

## ✅ EGZANP KREYATÈ OU KA ANALIZE



**Khaby Lame**
@khaby.lame
162.6M
Followers
- Kontni senp
- San pale
- Reyaksyon
- Nitè, komik



**CharliD'Amelio**
@charlidamelio
155.8M
Followers
- Dans
- Trends
- Mizik viral
- Short videos



**MrBeast**
@mrbeast
111.1M
Followers
- Challenges
- Gwo pwodiksyon
- Istwa enteresan
- Engajman fò



**Bella Poarch**
@bellapoarch
94.4M
Followers
- Mizik trend
- Fas ekspresif
- Kout videyo
- Estetik vizyèl

## SA OU KA APRANN NAN YO

- ✅ Kijan pou pran yon ide senp epi fè l enteresan.
- ✅ Kijan pou utlize mizik ki nan trend.
- ✅ Kijan pou kreye hook ki atire nan premye 3 segonn.
- ✅ Kijan pou kenbe atansyon moun yo.
- ✅ Kijan pou fè videyo kout men ki gen gwo enpak.
- ✅ Kijan pou bati yon style unik.
- ✅ Kijan pou kominike ak audience ou.
- ✅ Kijan pou toujou inove.

## ADAPTE, PA KOPYE !

- ❌ Pa poste videyo moun lan sou paj ou.
- ❌ Pa sèvi ak menm kontni an san chanjman.
- ❌ Pa sèvi ak menm prensip yo, men mete ide pa w.
- ❌ Fè l nan pwòp mo pa w, nan pwòp style pa w.
- ❌ Ajoute valè oswa yon ang diferan.
- ❌ Toujou respekte copyright ak règ TikTok.

## SA POU W EVITE

- ❌ Pa telechaje epi poste videyo moun lan.
- ❌ Pa kopi tout sa l fè san mete anyen pa w.
- ❌ Pa pran kontni ki gen copyright.
- ❌ Pa fè moun panse ou se li.
- ❌ Pa neglije orijinalite ou.

*"Gade, aprann, enspire, men toujou kreye yon vèsyon pa w. Se konsa w ka vin viral ak pwòp idantite ou !"*
— KST PRIME

## OBJEKTIF LA

- ✅ Aprann nan siksè lòt moun.
- ✅ Kreye kontni ki pi bon ak ide pa w.
- ✅ Bati yon brand inik.
- ✅ Atire plis views, plis followers, plis opòtinite.
- ✅ Vin viral ak pwòp stil ou !

Good Content Better Opportunities

# REGLEMAN POU EVITE STRIK SOU TIKTOK LIVE

**PWOTEJE LIVE OU • PWOTEJE KONT OU**

"Kreye Kontni San Danje Rete Kreyatif Rete Sou Plis Tan Sou TikTok !"

TikTok
CREATE
INSPIRE
SHARE
GROW

## SA POU W EVITE

Si w vyole règ sa yo, ou ka pran STRIK e sa ka afekte live ou e memm kont ou.

### 1 PA KONDUI PANDAN W AP FÈ LIVE

Evite aktivite danjere oswa distraksyon pandan w ap kondwi.



### 2 PA VANN/PWOMOTE PWODUI ENTÈDI OSWA GWO RISK

Pa montre, itilize oswa ankouraje dwòg, tabak, nikotin/vape ak lòt prodwai ki entèdi oswa limite. Pou TikTok Shop, itilize sèlman prodwai ki otorize.



### 3 LÈ W AP PWOMOTE YON MAK, DEKLARE KONTNI KOMÈSYAL LA

Aktive Content disclosure / Branded content lè sa aplikab; pa fè moun kwè se yon rekòmandasyon òganik si se yon patenarya.




### 4 PA FÈ BAGAY SEKSYÈL

Pa montre nidite, jès seksyèl oswa konpòtman seksyalize.



### 5 PA FIMEN / VAPE NAN LIVE

Pa montre oswa ankouraje itilizasyon tabak, nikotin oswa vape.



### 6 PA METE ALKÒL KÒM PWOMOSYON OSWA KONSANTRE LIVE LA SOU LI

Fè atansyon ak prodwai reglemante ak restriksyon laj.



**YON STRIK KA MENNEN NAN:**
Entèripsyon LIVE • Restriksyon sou fonksyon • Retire kontni • Lòt mezi sou kont la.

"Règleman yo la pou pwoteje w !"

## BON KONPÒTMAN NAN LIVE

FÈ SA YO POU W GEN YON PI BON EXPERIANS EPI KONSTRWI YON KOMINOTE FÒ.

### 1 TOUJOU PALE AK FANATIK YO

Salye yo, pale avek yo, poze kesyon, kreye diskisyon.

### 2 ANKOURAJE YO TAPOTE/ ANGAJE SAN FÒSE YO

Envite yo tapote, pataje, kite kòmantè san mete presyon sou yo.

### 3 VINI AK PWÒP VIBE PA W

Montre pèsonalite w, rete natirèl, kreyatif epi otantik.




### 4 TRETE MOUN BYEN AK RESPÈ

Rete pozitif, pa insultė, pa fè diskriminasyon. Tout moun merite respè.

### 5 REPONN KÒMANTÈ YO

Pran tan li epi reponn kòmantè yo. Sa kreye plis angajman.

### 6 KENBE LIVE LA POZITIF, PWÒP EPI ENTERESAN

Pale de sijè ki itil, amizan, edikatif oswa enpresyonan. Kreye yon anviwònman pozitif kote moun yo santi yo byen.

"Bon enèji + respè + règ = yon LIVE ki pi solid."

— KST PRIME




# KREYE BOZ POU W VIRAL

PA TOUJOU FÈ MENM BAGAY OSWA MOUN AP BOUKE !

SIPRIZ SE POUVWA !

**YON BAGAY MOUN PA T ATANN DE OU !**

ATIRE ATANSYON • FÈ MOUN PALE • PLIS VIEWS • PLIS KOMANTÈ • PLIS PATAJ

KONTNI KI SIPRANN TOUJOU GEN PLIS CHANS !

## 1 KISA BOZ LA YE ?

Boz se yon sèn, yon istwa, yon deklarasyon oswa yon aksyon ki fè bri, ki siprann moun oswa moun pa t atann de ou. Li ka vre oswa envante (manti), men objektif la se kreye kiryozite pou atire plis moun sou paj ou.

*Yon bon boz kapab chanje chif ou en kèk èdtan !*

## 2 POUKISA SA MACHE ?

- Li kreye emosyon (sezisman, kiryozite)
- Moun renmen pale sou sa
- Li fè moun gade videyo a nèt
- Li ogmante komantè ak pataj
- Li mete w sou "For You" pi fasil
- Li fè paj ou vin pi popilè rapid

*"Emosyon + Sipriz = Viral"*

## 3 KIJAN POU W KREYE YON BOZ ?

1. Panse sou sa moun pa t atann de ou.
2. Kreye yon zen cho (hook) nan 3 premye segonn.
3. Sèvi ak emosyon (sezisman, chok, kiryozite).
4. Fè yon sèn oswa istwa enteresan.
5. Mete bon tèks, imaj, son ak efè.
6. Fini ak yon kesyon pou fè moun kòmante.

## 4 EGZANP BOZ OU KA FÈ

- Fè yon anons sipriz (ex: "M ap kite TikTok ?")
- Fè yon kolaborasyon moun pa t atann
- Bay kado, don, oswa give away inatandi
- Fè yon deklarasyon ki choque (men li atire)
- Yon istwa emosyonèl (menmsi envante)
- Yon move eksperyans ki vire byen
- Yon revelasyon, avan/apre
- Fè yon challenge fou oswa inik
- Pale de yon sijè ki cho oswa ki fè bri
- Mete yon twist nan fen an




## 5 EGZANP TIT / ZEN CHO

*"M ap kite TikTok pou tout bon ?"*
*"Yo pa t atann m fè sa !"*
*"Mwen bay $1000 a yon fanatik !"*
*"Sa rive m, mwen poko janm pale de sa..."*
*"Gwo sipriz pou nou demen !"*
*"Mwen te fè yon bagay fou jodia !"*
*"Ou pap janm kwè sa ki pase !"*
*"Verite a finalman soti !"*
*"M ap fè yon chanjman total nan lavi m !"*
*"Se pa sa nou panse a..."*

## 6 SA POU W EVITE

- Pa fè fo akizasyon negatif sou yon moun.
- Pa pwofite fo nouvèl ki ka fè mal.
- Pa itilize sijè twòp sansib (lanmò, maladi, vyolans).
- Pa mete moun an danje.
- Pa prezante yon bagay envante kòm verite serye.
- Fè atansyon ak règ TikTok (pa vyole règleman yo).

*Boz wi, men pa kraze pèsonn. Jwe entelijan !*

## 7 REZILTA OU KA JWENN

- Plis views
- Plis abòne
- Plis komantè
- Plis pataj
- Plis opòtinite (kolaborasyon, biznis)
- Plis lajan
- Ou vin yon referans nan nich ou

*"Yon bon boz ka mete w nan For You jodia, e byen lòt nivo demen !"*

## 8 SONJE TOUJOU

- Kreyativite se fòs ou.
- Se emosyon ki vann.
- Moun renmen sa ki diferan.
- Teste, analize, adapte.
- Rete otantik nan style ou.
- Kreye boz entelijan, pa move enfliyans.
- Sèvi ak mizik ki nan trend.
- Toujou fini ak yon aksyon (komante, pataje, swiv).

**"DIFFERAN = ANLIYAN = VIRAL"**
— KST PRIME "

Konesans Se Pouwwa



# BONUS

## TCHEKE SI VIDEO OU YO GEN PWOBLÈM

### NAN TiKTOK STUDIO (ACCOUNT CHECK)

**VERIFYE PAJ OU POU W PA PÈDI L**

### 1 ALE SOU PROFIL OU

Lè ou nan TikTok, ale sou pwofil ou epi peze ≡ anwo a dwat.




### 2 PEZE TikTok Studio

Nan meni an, chwazi **TikTok Studio.**




### 3 DESANN PI ANBA

Lè ou antre nan TikTok Studio, scroll desann (fè glise ekran an anba) pou w ka jwenn "**More Tools**".




### 4 PEZE ACCOUNT CHECK

Nan seksyon "More Tools", peze **Account check.**




### 5 GADE REZILTA A

TikTok ap montre w eta kont ou. Si pa gen pwoblèm, wap wè mesaj sa a.




### 6 SI GEN VIDEO KI GEN PWOBLÈM

Si gen yon videyo ki pa bon, TikTok ap montre l nan lis la. Peze sou videyo a pou wè detay yo.




**SA OU KA FÈ :**

- Peze sou videyo a pou wè rezon an.
- Si ou kwè se yon erè, peze **Appeal.**
- Swiv enstriksyon yo.

### 7 PEZE APPEAL (SI DISPONIB)

Nan paj detay videyo a, wap wè bouton **Appeal** si w ka fè apèl.




### 8 RAPÈL ENPÒTAN

- Toujou tcheke Account Check regilyèman.
- Si gen videyo ki pa bon, **PA EFASE Lii, mete l AN PRIVE.**
- Si ou panse se yon erè, peze **Appeal.**
- Swiv tout règ TikTok yo pou evite lòt pwoblèm.
- Kenbe kalite kontni ou.

*"Yon kont ki an sante, se baz siksè ou sou TikTok."*
*— KST PRIME*

**KONSÈY PRO :** Fè tchek sa a omwen yon fwa pa semèn pou w ka konnen si gen videyo ki gen restriksyon epi pran aksyon rapid.

Kont pwòp KONT Anplis Sekirite !

# NETWAYE LIS FOLLOWING OU

Jwenn epi dezabone kont ki pa egziste ankò (bani, sispann oswa efase)

## 1 ALE SOU PROFIL OU

Louvri TikTok, ale sou pwofil ou.




Peze **Following** (moun wap swiv yo).

## 2 WAP WÈ LIS MOUN OU SWIV YO

Ou ka wè tout lis moun ou ap swiv yo.




Lis moun ou swiv yo ap parèt.

## 3 EKRI "USER" NAN RECHÈCH LA

Nan ba rechèch la, ekri mo **"user"**.




Ekri **"user"** epi peze rechèch (🔍).

## 4 KONT KI PA EGZISTE AP PARÈT

Wap wè kont ki pa gen foto de profil (san profil), sa vle di kont sa yo pa egziste ankò.




Kont ki parèt san foto de profil yo souvan se kont ki pa egziste ankò.

## 5 DEZABONE YO

Peze bouton **Unfollow** pou dezabone kont ou pa vle suiv ankò.




Peze **Unfollow** pou retire kont la nan lis ou.

### POUKISA FÈ SA ?

- ✔ Pou netwaye lis **Following** ou.
- ✔ Pou retire kont ki pa egziste ankò.
- ✔ Pou kenbe kont ou pi pwòp.
- ✔ Pou evite swiv kont vid oswa sispann.
- ✔ Pou pi byen òganize kont ou.

### KONSÈY ENPÒTAN

- ✔ Si kont la pa gen foto de profil, li ka pa egziste ankò.
- ✔ Ou ka itilize lòt mo tankou "user123", "user0", "tiktok user" pou jwenn plis kont ki pa aktif.
- ✔ Sa pa afekte kont ou negativ.
- ✔ Fè sa regilyèman pou kenbe yon lis pwòp ak aktif.

### REMAK

- ✔ Si yon kont pa parèt ditou oswa pa gen pwofil, sa vle di li pa egziste ankò sou TikTok.

Ou ka dezabone san pwoblèm.

"Yon kont pwòp, se yon kont ki gen plis chans gen bon rezilta."
— KST PRIME

**KONSÈY PRO :** Regilyèman revize lis Following ou pou retire kont ki pa aktif, ki pa egziste ankò oswa ki pa itil pou ou.


TikTok
TOP 40 CRÉATEURS TIKTOK
KONTENI • ENSPIRASYON • PAJ BIZNIS • LIVE • KREYATIVITE • ENPAK
KI KA MONTREW KREYE KONTNI AVEK ANPIL ASTIS
Ayiti gen TALAN !
1 BENLEY. @realbenley9 713 Following 7.1M Followers 103.2M Likes
2 Ariana 😥❤️ @_ariouuu 1,200 Following 18.2M Followers 320.3M Likes
3 Winchristoo @winchristoo 6,005 Following 2M Followers 43.6M Likes
4 Ralph la voix d'Or2 TRF @ralphmylegeorges2 5,225 Following 1.2M Followers 21.4M Likes
5 Bensy T-biden ANF @bensytbiden 7,917 Following 1.2M Followers 18M Likes
6 trueblacklor TBL @trueblacklorlive 750 Following 1M Followers 5.1M Likes
7 Olitoohit @olitoohit 3,482 Following 292K Followers 2.8M Likes
8 Bigshow @bigshow9922 582 Following 793.5K Followers 6.8M Likes
9 KST_PRIME @kst_prime 740 Following 712.5K Followers 3.5M Likes
10 bobart99 @bobart99 4,252 Following 150.4K Followers 137.7K Likes
11 Togchov704 TDN @realtogchov704 3,292 Following 3.4M Followers 58M Likes
12 Trood and Bens @troodandbens0 9,558 Following 3.7M Followers 57M Likes
13 TRAPALMAN509 LLC @trapalman509llc 2,794 Following 1.5M Followers 50.6M Likes
14 Marc Live Officiel @marcliveofficiel 829 Following 776.1K Followers 4.1M Likes
15 katianashowlivellc @katianashowlivellc 634 Following 781.6K Followers 4.3M Likes
16 gardycadet303Parfum @gardycadet030 4,970 Following 353.8K Followers 525.3K Likes
17 Gardycadet black géant LLC @gardyofficial2 1,727 Following 439.4K Followers 425.4K Likes
18 Negkremnan @negkremnan_tnk 2,270 Following 408.1K Followers 6.8M Likes
19 Nay mizik @naymizik 416 Following 1.8M Followers 17.1M Likes
20 Buske_The_King BTK @buske_the_king 2,480 Following 787.5K Followers 6.9M Likes
21 MichelStanley @michelstanleyy 4,580 Following 1.1M Followers 11.8M Likes
22 Josma lawe. @josma_official 2,535 Following 1.5M Followers 20M Likes
23 Miken-Al HT @mikenai.ht 20 Following 77.6K Followers 431.4K Likes
24 Papi Dope @papidope_509 3,963 Following 1.3M Followers 8.2M Likes
25 KST_DJAZ_LA @kst_djaz_la 4,140 Following 242.9K Followers 971.2K Likes
26 Empress Cori @coriotksecrets 1,433 Following 325.1K Followers 1.4M Likes
27 alexkomedyen fullpackage @alexkomedyen.fullpackage 8,388 Following 615.9K Followers 3.6M Likes
28 Wid et Landy @wid_et_landy 3,484 Following 2.3M Followers 29.8M Likes
36 NEW €ud~øfficiel @eud_officiel 6,774 Following 172.7K Followers 380.9K Likes
37 NEW CTEmotivation @ctemotivation 14 Following 122.5K Followers 716.5K Likes
38 NEW Fanmcreol -manzeTR69 @fanmcreol_manzeTR69 9,696 Following 544.1K Followers 6.8M Likes
39 NEW kitempale .sa vle di kisa? @kitempale.kitemmotivew 1,533 Following 128.4K Followers 2.2M Likes
40 NEW Rockstar 01 @mountoutmoun___ 997 Following 666.4K Followers 18.5M Likes
SUIV YO
GADE KONTNI YO
PRAN IDE
APLIKE SA POU PAJ OU
FÈ W GRANDI
PLIS KREYATÈ
PLIS ENSPIRASYON
PLIS REZILTA !
KONTNI KAP CHANJE LAVI !
AYITI SOU TIKTOK | KILTI | TALAN | BIZNIS | KREYATIVITE | NOU PI FÒ ANSANM !

# APRE OU FIN VIN VIRAL.. 🔥

## KOUNYA, OU VLE SÈVI AK VIRALITE W POU W FÈ LAJAN, PA VRE ? 💰

PWOCHEN ETAP OU

# MONETIZASYON TIKTOK

LIV 2

Aprann kijan pou transfòme vizibilite w an revni.




*Tout bagay*
**DISPONIB**
**NAN QR CODE LA**




| LIV MONETIZASYON TIKTOK | VIDEYO KONPLÈ SOU YOUTUBE | TIKTOK SHOP ESTRATEGI | GWOUP KST PRIME |
|---|---|---|---|

✔ PLIS KONTNI ✔ PLIS OPÒTINITE ✔ PLIS REVNI ✔ PLIS LIBÈTE

> "Ou aprann kijan pou w vin vizib.
> *Kounye a, aprann kijan pou w monetize vizibilite w.*"
> — KST PRIME

*Pi gwo vèsyon w kòmanse jodi a !*

**KST PRIME**

KILTI | TALAN | BIZNIS | KREYATIVITE

*Kontinye grandi !*


SCANE PAJ SA
POU N KA ACHTE LIV
MONETISASYON AN
APRE SCAN | ALE SOU SIT LA | ACHTE LIV LA | JWENN LI IMEDYATMAN
SCAN NOW
SCAN NOW
MONETIZE TIKTOK
MONETIZE TIKTOK
THE COMPLETE GUIDE
TURN YOUR PASSION INTO INCOME
ACHTE KOUNYA
TikTok
LIV DIGITAL
Aksè imedyat
ESTRATEGI
Etap pa etap
PLIZYÈ FÒM MONETIZASYON
KONSÈY EKSPÈ
Pou grandi rapid
BONIS EKSKLIZIF
... e plis
Investi nan tèt ou !
KST PRIME
LEARNING • CREATING • EARNING
Pi plis pase yon liv... Se yon avni !